ФIФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

№57 (24.807) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ЦIыхубэм езым къыхихыжащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым деж.

А IУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым КъБР-м къегъэщIылIа и инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, къэрал властым и органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, ветеранхэр, юнармейцхэр. Зэхуэсым и хьэщIэ лъапIэхэу щытащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, а зэманым щIыпIэхэм щылэжьахэр, «зауэм и бынхэр».

ПэкIум хэтахэм дакъикъэкIэ щыму ягъэлъэпIащ лIыхъужьхэм я фэеплъыр. КIуэкIуэ Казбек епсэлъылIащ Хэку зауэшхуэм хахуэу хэтахэм я фэеплъыр ягъэлъэпIэну мемориалым деж щызэхуэса ветеранхэмрэ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Мыр къэрал псом ди махуэшхуэ нэхъ лъапIэ, къызэрымыкIуэ дыдэщ, ситу жыпIэмэ, ди къэралыр зыми и лъэгущIэтын хъуакъым, и къэралыгъуэр ихъумэжащ икIи сыт щыгъуи зытетыну лъапIэныгъэхэр ди цIыхубэм езым къыхихыжащи, ноби а хабзэ дахэхэр ди гъуазэу, ди нэхъыжьхэм я уэсятхэм дахуэпэжу допсэу. Сэ гъащIэм Iэмал къызитащ зауэм теухуа хъыбархэр абы хэта си адэшхуэхэм къысхуаIуэтэжыну. ИкIи нобэ дэ къыдгурыIуэ нэхъыжьхэм я гугъуехьхэр псыхэкIуадэ, мамырыгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я гъащIэр пщIэншэ зэрымыхъуар. Ди къэралыр ноби щыIэщ, адэкIи зеужь. ИкIи а емынэ кхъуэщыныфэм мамырыгъэр щихъумэну аргуэру пэуващ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Игъэбжьыфlащ шыгъажэшхуэм

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ накъыгъэм и 9-м Налшык къалэм и ипподромым шыгъажэшхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Ингушым, Дагъыстэным, Шэшэным, Краснодар крайм, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми я шууейхэмрэ шы лъэпкъыфIхэр зыгъэхъухэмрэ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, къагъэжащ шы лъэпкъыфIхэмрэ хьэрыпышхэмрэ, я ныбжькIэ илъэситIым къыщыщIэдзауэ нэхъыжьхэмрэ. Шууейхэр зэпеуащ ахъшэ саугъэту псори зэхэту сом мелуани 2,5-м щIигъум щхьэкIэ. Зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - ТекIуэныгъэм и саугъэтыр - къэзыхьам сом мин 500 иратащ. Шыгъажэр къежэкIыгъуибгъуу зэхэтащ а махуэм.

Шыгъажэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым и лэжьакIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ.

Республикэм и лIыщхьэр ехъуэхъуащ ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтыр къэзыхьа Албэрды Анзор. Ар тесащ «Грей Фог» шым.

Апхуэдэуи КIуэкIуэ Казбек захуигъэзащ гуфIэгъуэшхуэм и щIыхькIэ ди щIыналъэм щызэхаша шыгъажэм кърихьэлIахэм. «Нобэ ди гуфIэгъуэшхуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр закъуэм икIыу зауэм кIуащ абы и къуэрэ и пхъуу мин 60, ди къэралыр емынэ кхъуэщыныфэм щахъумэу зауэурэ абыхэм ящыщу мин 40-м я унэ къагъэзэжакъым. Зыми и гугъэнтэкъым нобэрей ди лIыхъужьхэм Хэкур яхъумэжыну аргуэру къахуихуэну, атIэми, ди зауэлIхэр нэхъыжьхэм яхуэфащэу я къалэныр ягъэзащIэ. Шэч къытесхьэркъым ди зэкъуэтыныгъэмрэ псэр къызэщIэзыIэтэ ди лIыхъужьыгъэмрэ я фIыгъэкIэ фашизмэм и тхыр иджыри зэрыткъутэнум, дэ аргуэру дызэрытекIуэнум», - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Зауэ щIыхьым и къалэ Налшык и щIыхькIэ ягъэува саугъэтыр къыихьащ Баттуев Алим Мирон шым тесу. Апхуэдэи шыгъажэм щагъэджэгуащ Совет Союзым и лIыхъужьхэу Байсултанов Алимрэ Яхэгуауэ Михаилрэ, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм, СВО-м хэтхэм, Урысейм и лIыхъужьхэм я щIыхькIэ ягъэува саугъэтхэри.

Шыгъажэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гуп пажэхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.
Сурэтыр
Уэлджыр Артур *трихащ.*

Хэкупсэ гурыщIэхэр къызэщIегъэушэ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуам ирихьэлIэу Налшык щекIуэкIа дауэдапщэхэр щиухым, хьэрэкIытIэхэр драгъэлъэтеящ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэшхуэ яхуищIащ Iуэхум хэлэжьыхьа дэтхэнэ зыми.

- МЫХЬЭНЭ ин зиIэ мы Махуэшхуэм цIыхухэм я гум хэкупсэ гурыщIэхэр къыщызэщIигъэушащ, - жиIащ Iэтащхьэм. - Ди лIыхъужьхэмрэ абыхэм зэрахьа лIыгъэмрэ даригушхуэу, я сурэтхэр къэтщтэжурэ, Хэку зауэшхуэм и тхыдэр ди гум къыщыдгъэщIэрэщIэжащ, езыхэри дигу къэдгъэкIыжащ.

ТекIуэныгъэ Иным ехьэлIа дауэдапщэхэр республикэм илъэсым зэрыщIидзэрэ щокIуэкI. Иужьрей махуищым районхэмрэ къалэ округхэмрэ Iуэхугъуи 10-м щIигъу къыщызэрагъэпэщащ - егъэджэныгъэм, щэнхабзэмрэ спортымрэ хуэлажьэ IуэхущIапIэхэм, лэжьапIэхэм, цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм. Абыхэм хэтащ цIыху мин 300-м щIигъу, накъыгъэм и 9-м и закъуэ республикэм и жылэхэм щызэхэта пэкIухэм екIуэлIащ цIыху мини 100-м щIигъу. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр, сыт щыгъуи хуэдэу, зэрыжылэу зэдагъэлъэпIащ!

Псоми фIыщIэшхуэ яхузощI Хэку зауэшхуэм хэта ди лIыхъужьхэми ди къэралым и тхыдэми апхуэдэу зэрахущытым папщIэ.

Щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI дауэдапщэхэр къызэзыгъэпэщахэмрэ ахэр шынагъуэншэу, зыхуей хуэзауэ екIуэкIыным елIэлIа хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэмрэ.

Иджыри зэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэми абы щыхьэщIэхэми ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Зы щIэблэм адрейм Iэпихыу

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъур Налшык, республикэм и адрей къалэхэмрэ къуажэхэмрэ гукъинэжу щагъэлъэпIащ. Музыкэ къэрал театрым, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым концерт гъэщIэгъуэнхэр щекIуэкIащ. Зэхыхьэхэр я дамыгъэ хъуащ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэрэ щхьэхуитыныгъэр къытхуэзыхьа нэхъыжьыфIхэм фIыщIэ ин зэрыхуащIым.

МУЗЫКЭ театрым и пэIущIэ пэшым щекIуэкIырт «Летопись Победы», «Наследники Победы» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Абыхэм хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщIхэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр, сабийхэм зауэм теухуауэ ящIа сурэтхэр. КъищынэмыщIауэ, Екатериноградскэ станицэм и тхыдэ-лъахэхутэ музейм, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэм, къраша лэжьыгъэхэр. Абы щыплъагъурт зауэшхуэ зэманым щыIа хьэпшыпхэр.

Музыкэ театрым щекIуэкIа концертым зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ хэтхэм, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абы щыIэхэм я унагъуэхэр я гъусэу, армеец ныбжьыщIэхэм, кадетхэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм, къалэм щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ.

Хэку зауэшхуэм и иужьрей зэхэуэхэр уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ теплъэгъуэкIэ пшыхьыр ирагъэжьащ. Марш макъыр щIэту, пэшым щагъэуващ 115-нэ шуудзэм, абы хыхьэу щыта Аруан полкым, ТекIуэныгъэм я ныпхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэза нэужь, кадет ныбжьыщIэхэм я гъусэу утыкум ихьащ, щIыналъэм исхэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъун, ЛIыхъужьхэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуэн папщIэ.

- Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьар ди къэралым и зэфIэкI къызэрымыкIуэм, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я щапхъэщ, щIэпхъаджагъэмрэ хабзэншагъэмрэ зэрыщытекIуам я щыхьэтщ. ТекIуэныгъэм ди къэралым и псэукIэнур къигъэнэIуа къудей мыхъуу, дуней псом щекIуэкIыну Iуэхухъуэхэмкlи мыхьэнэшхуэ иIащ. 1945 гъэм накъыгъэм и 9-р нэхъ жыжьэ тхуэхъуху, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм, мамыр гъащIэм щIэбэна ди адэхэм, адэшхуэхэм, абы я адэжхэм зэрахьа лIыгъэм и уасэр зэрылъапIэр нэхъри зыхыдощIэ. Илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами, Хэку зауэшхуэм и фэеплъым хэщIакъым, зы щIэблэм адрейм Iэпихыу йокIуэкI. Зэи тщыгъупщэнукъым Совет Союзым нацист цIыхугъэншэхэм я мурад бзаджэхэр къызэрызэпиудар, фашистхэм дуней псор къызэрыIэщIагъэкIар. Тхыдэр къизытхыкIыжыну, Хэку зауэшхуэм и пэжыр зыгъэутхъуэну хэтхэм, фэеплъхэр зэтезыкъутэхэм, къэралым епцIыжахэр зыгъэлъапIэхэм, зауэлIхэм я лIыгъэр щIэзыхъумэну хэтхэм Iэмал имыIэу дапэщIэтынущ. ТекIуэныгъэ Иныр къыщIыдэхъулIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр къэралым ис лъэпкъ псори зэрызэкъуэуварщ, езыхэр зэрызахуэр быдзу я фIэщ хъууэ зэрыщытарщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми хэлъхьэныгъэфIхэр хуащIащ бийр зэтекъутэным. Хэкум къыщхьэщыжыну Iэщэ ябыгъыу фронтым кIуащ республикэм и къуэ, ипхъу мин 60-м щIигъу. ЗауэлIхэм хуэдабзэу, ТекIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащIащ мыдэкIэ къыщынахэми. Заводхэмрэ фабрикэхэмрэ, губгъуэхэмрэ фермэхэмрэ жэщ-махуэ ямыIэу щылэжьахэм фIыщIэ яхуэфащэщ. ЛэжьакIуэхэмрэ колхозхэтхэмрэ, нэгъуэщI IэщIагъэ пэрытхэм махуэ къэси лIыгъэ зэрахьэрт. Иджы дэ ди къалэныр - зэуапIэм щыIахэмрэ лэжьыгъэ хьэлъэм пэрытахэмрэ я фэеплъыр тхъумэнырщ, ди къэралыр, цIыхубэр къезыгъэлахэм ятеухуахэр щIэблэм я деж нэтхьэсынырщ. Хэку зауэшхуэм хэта зауэлIхэм я къуэрылъхухэмрэ абы я быныжхэмрэ иджы къэралыр хъумэным пащэ, дзэ Iуэху хэхам щыIэу. Ахэри лIыхъужь нэсщ, ди щапхъэщ, я зэфIэкIым дрогушхуэ.

Ди лъэпкъым уасэшхуэ щIитащ ТекIуэныгъэм. Къэбэрдей-Балкъэрым и къуэ, ипхъу мин 40-м щIигъу зэуапIэм къикIыжакъым. Хэку зауэшхуэм зи псэ щIэзытахэми, ветеранхэми, ноби а Iуэхум пызыщэу хэкIуэда дэтхэнэми я фэеплъым ди щхьэр худогъэщхъ. 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсу ягъэуващ, ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ. Быдэу си фIэщ мэхъу, ахэр ди щапхъэу лъэпкъхэр дызэкъуэтмэ, гугъуехь псори къызэрызэднэкIыфынур, къэралым и къэкIуэнур хуэфащэу зэрытхуэухуэнур. ТекIуэныгъэ Иныр - Хэкум дызэрыхуэпэжым, Урысейм ис лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэм, тхыдэм дызэремыпцIыжым и дамыгъэщ. Илъэс 80 ипэкIи хуэдэу, ноби дапэщIэтын хуей мэхъу ди къэралым и шынагъуэншагъэм къебгъэрыкIуэхэм. Иджыри зэ дуней псом едгъэлъагъуну къытпэщылъщ пэжым дыщытеткIэ зыми дыкъызэрыхуэмыгъэшынур. Ди унэр, къэралыр, фIэщхъуныгъэр, захуагъэр, нэхъыжьхэм къытхуагъэна хабзэхэр тхъумэу дыпсэуныр ди къалэнщ. Абы щыгъуэми дытекIуащ, иджыри дызэрытекIуэнум шэч къытесхьэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми мамырыгъэ, узыншагъэ, гуапагъэ, ехъулIэныгъэ диIэну! Хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм фIыщIэ яхудощI ди къэкIуэнум папщIэ! - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм и псалъэр и кIэм щынигъэсым, кадет ныбжьыщIэхэм щэнейрэ тхьэрыIуэ ящIащ ТекIуэныгъэ Иным и тхыдэр зыщамыгъэгъупщэну, Хэкум хуэпэжыну.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Жабоевэ Замирэ, Текуев Амырбий, ЦокIыл Азэмэт, Абэнокъуэ Рустам, «Кабардинка», «Балкария», «Калисто», «Вортекс» ансамблхэм, Музыкэ театрым и хорым.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и утым щекIуэкIащ «А илъэсхэм ди щхьэр худогъэщхъ» зэхыхьэр. Утым щагъэува дзэ техникэм («Урал», БТР, «Тигр») ис артистхэм, уэрэджыIакIуэхэм, пшынауэхэм, къэфакIуэхэм махуэшхуэ маршхэр, зауэ, ТекIуэныгъэ уэрэдхэр ягъэзэщIащ, къэфащ. Утым щагъэува экранымкIэ ягъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм епха Iуэхугъуэхэм щыщ, лIыхъужьхэм я сурэтхэр.

Зэхыхьэм хэтахэм зыIагъэхуащ зауэлI шхыныгъуэхэм щыщ. Мыбдеж зыкъыщигъэлъэгъуащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и Музыкэ кадет корпусым и духовой оркестрым (унафэщIыр Щэрдан Анатолэщ).

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIа Лыкъуэжь Маринэрэ Берд Хьэмидрэ жаIам къыхагъэщащ зи Iыхьлырэ благъэрэ Хэку зауэшхуэм хэмыкIуэда зы унагъуи ди щIыналъэм зэримысыр, республикэм и къуэ, ипхъу мин 60-м нэблагъэ зауэшхуэм зэрыщыIар, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр ди зауэлI 26-м, «ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори - 10-м, мини 10-м щIигъум орденхэмрэ медалхэмрэ къызэрыхуагъэфэщар, абыхэм я цIэхэмрэ я фэеплъхэмрэ зэрытщымыгъупщэнур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

ЩIыналъэ бюджетым теухуауэ

КъБР-м и Парламентым и унэм 2025 гъэм и накъыгъэм и 20-м къыщызэрагъэпэщынущ зэIущIэ зэIуха. Абы щытепсэлъыхьынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ бюджетыр 2024 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуар» темэм.

ЗАКОНОПРОЕКТЫМ теухуа еплъыкIэхэр е абы хэлъхьапхъэIауэ къэзылъытэхэм, апхуэдэуи псалъэмакъ зэIухам хэтыну гукъыдэж зиIэхэм зыхуагъэзэ хъунущ КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым. Абы и хэщIапIэр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Ленины м и цIэр зезыхьэ уэрам, 55.

Къащтэну хабзэм и пэхуэщIэмрэ абы и гуэдзэн дэфтэрхэмрэ КъБР-м и Парламентым и сайтым къыщывгъуэтынущ: https://parlament.kbr.ru/документы/законопроекты.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ бюджетыр 2024 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуар» КъБР-м и хабзэм и проектыр апхуэдэу иралъхьащ КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и сайтым: https://minfin.kbr.ru/документы/проекты НПА.

Iуэхум теухуа хъыбархэр зэрыт тхылъым зыщыбгъэгъуэзэфынущ КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и сайтым: https://minfin.kbr.ru/деятельность/бюджет/бюджет для граждан.

УзэрыщIэупщIэ хъуну телефоныр: **(8662) 42-64-60**.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

ГуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я нэгум къырихырт

Накъыгъэм и 9 махуэшхуэр, ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур, Iэтауэ щагъэлъэпIащ Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм. Пщэдджыжь дыгъэпсым зыдащIу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я нэгум къырихыу жылэдэсхэр махуэщIыр щыдахыну щIыпIэм къекIуэлIащ. «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр зыхуагъэфэща Бэрау Къэралбий и цIэр зезыхьэ уэрамыр екIуу махуэшхуэм хуагъэхьэзырат. ТекIуэныгъэм и дамыгъэхэр ихъуреягъкIэ щыплъагъурт, Бэракъ Плъыжьымрэ къэралым и ныпымрэ дэнэкIи щыбыбырт, ныбжьыщIэхэм лIыхъужьыгъэ зезыхьа я адэшхуэхэм я сурэтхэр яIыгът.

ПЭКIУМ хэтахэм курыт школым и пщIантIэм дэт МафIэ мыужьыхым удз гъэгъахэр тралъхьэри, зауэм хэкIуэда я къуажэгъухэм я цIэунэцIэхэр къыщыгъэлъэгъуауэ кхъэм и дыхьэпIэм деж щагъэувa фэеплъ стелэм екIуэлIащ. Ди мамыр псэукIэм зи гъащIэр щIэзытахэр псалъэ гуапэкIэ ягу къагъэкIыжащ, дакъикъэкIэ абыхэм яхуэщыгъуэри, ЩэнхабзэмкIэ унэм и утыкум деж щызэхуэсыжащ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ Анзор.

- Нобэ ди къэралым щагъэлъапIэ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьэрэ илъэс 80 зэрырикъур. Ар дэтхэнэ зы унагъуэмкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, - жиIащ абы. - Накъыгъэм и 9-р махуэгъэпсым къыщыгъэлъэгъуа пIалъэ къудейуэ къэнэжыркъым, атIэ ар я псэ емыблэжу къэкIуэну щIэблэм мамырыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ яхуэзыхъума ди цIыхубэм я лIыгъэм, хахуагъэм, зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Iэщэр яIыгъыу ди Хэкур зыхъума ди ветеранхэм, тылым и лэжьакIуэхэм, зауэм и бынхэм, а илъэс мафIэ лыгъейхэм къыпхыкIа псоми ди щхьэр яхудогъэщхъ. Фи лIыгъэр уахътыншэщ, фи пщIэр мыкIуэдыжынщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зауэр зи нэгу щIэкIауэ абы и пэжыр къэзыIуэтэжыфыну лIыхъужьхэр илъэс къэс нэхъ мащIэ мэхъу. Абы ипкъ иткIэ дэ ди къалэнщ абыхэм я хъыбархэр адэкIэ дгъэIуныр, блэкIам и тхыдэр щIэблэм я деж нэтхьэсыныр. ТекIуэныгъэм и гуащIэшхуэ хилъхьащ Лэскэн щIыналъэми - ди лъахэгъу минхэр фронтым Iухьащ, куэдми къагъэзэжакъым. Абыхэм я цIэхэр мемориалхэм къыхаIущIыкIащ. Дэ тщыгъупщакъым икIи тщыгъупщэнукъым ди щхьэхуитыныгъэм щIата уасэм и лъапIагъыр. Къыхэгъэщыпхъэщ нобэ абыхэм я щIэблэр дзэ Iуэху хэхам хэту Урысейм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа къалэн гугъур зэрагъэзащIэр. Шэч къытетхьэркъым а Iуэхур ехъулIэныгъэкIэ зэфIахауэ ди щIалэхэм мыгувэу къызэрагъэзэжынум. ФIыгъуэ Тхьэм къытхудигъакIуэ нобэрей махуэм!

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ къуажэм щыщ нэхъыжьыфI ХьэщIэлI Харитон. Абы къыхигъэщащ Хэку зауэшхуэр къэралым и тхыдэ къэхъугъэшхуэу зэрыщытыр, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэува ди зауэлIхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, илъэс 80 дэкIыжами, зэманым фагъуэ зэрыщIэмыхъукIыр, ар иджыри илъэс куэдкIэ лъэхъэнэкIэрэ цIыхубэм зэIэпахыу къазэрыдекIуэкIынур.

- Совет Союзым щыпсэу лъэпкъыбэр зылI и быну зэкъуэувэри, мурад Iейр зигу къытхуилъу ди щIыналъэм къиихьа бийм пэщIэуващ. Адыгэ лъэпкъым и щIалэ куэд къэмылэнджэжу хэтащ а зауэ гущIэгъуншэм. Дызэрыгушхуэн лIыхъужьыгъэ къагъэлъэгъуащ Хьэтуей къуажэм щыщхэми. Ди мамыр гъащIэм щIэзэуахэм я фэеплъыр дигу ихунукъым, абыхэм я щапхъэр щIэблэм гъуазэ яхуэхъунущ. Нобэ мыбдеж щызэхуэса сабий гуп дыгъэлыр хуиту псэунырщ абыхэм я гъащIэр зыщIатари, а нэхъыжьхэм яхуэфэщэн щIэблэу къэхъуну сахуохъуахъуэ, - жиIащ Харитон.

- Зи тхыдэм щыгъуазэ, нобэрей махуэшхуэр зращIэкI ТекIуэныгъэм и уасэм и лъапIагъыр зыщымыгъупщэ, зи псэ зыта ди нэхъыжьхэм яхуэфащэ, зи пщIэрэ зи щIыхьрэ зыIыгъыж жылэ махуэу дыпсэуну сыфхуохъуахъуэ. Ди уафэр къащхъуэу, дунейр мамыру илъэс куэдкIэ узыншэу Тхьэм дигъэпсэу, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Дол Хьэсэнбий и цIэр зезыхьэ курыт школым и унафэщI Гупсешэ Залинэ.

Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ жылэм Iулыдж щызиIэ нэхъыжьхэу БищIо Юрэ, БетIрожь Ибрэхьим, Мамхэгъ Астемыр сымэ.

ЕджакIуэхэр зауэм теухуа усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ, къэфащ. Махуэшхуэр щызэхуащIыжым, мамырыгъэм и нэщэнэу шар зэмыфэгъухэр уэгум драгъэлъэтеящ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэ.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр»

Журналистикэм дехьэх щIалэгъуалэр

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - Медиа» IуэхущIапIэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым мы зэманым щыIэщ еджапIэ нэхъыщхьэм и Социальнэ-гуманитар институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и студент гуп. Институтым и магистратурэм и «Филологие. Адыгэ филологие» унэтIыныгъэр мы гъэм къэзыух щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм журналист IэщIагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм зыщагъэгъуазэ, я къалэмым и зэфIэкIри къахутэ.

БЭДРАКЪ Лианэ, Борсэ Эллэ, Къылыш Камиллэ, Лъакъуэдыгъу Тимур, Хьэндэхъу Азидэ, Хьэмыкъуэ Элеонорэ, Хъуран Iэсият, Щоджэн Дианэ, Щокъуий Мурат, Щхьэныкъуэ Аринэ сымэ ди редакцэм къепхауэ щытщ. Зи щIалэгъуэ гупыр япэщIыкIэ кIэлъыплъащ газетыр зэращI щIыкIэм, корректорхэм я Iуэху зехьэкIэм, къыкIэлъыкIуэу абыхэм редакцэм кърахьэлIащ езыхэр дэзыхьэх унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ я щIэныгъэ унафэщIхэм я нэIэм щIэту ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр къызыхэщ тхыгъэхэр. Нобэ ди газетым тыдодзэ магистрантхэм я тхыгъэхэм щыщхэр икIи дохъуэхъу къыхах IэщIагъэм куэдрэ ирилэжьэну, насыпрэ ехъулIэныгъэрэ яIэну.

Магистрантхэм я къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэр газетым дяпэкIи тетынущ «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр» рубрикэм щIэту.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

ГъащIэм поджэж

XX лIэщIыгъуэм и 50 - 60 гъэхэм ирихьэлIэу литературэр лъэхъэнэщIэ хыхьащ. Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэ зэманым лъэбакъуэ хьэлэмэт зыча, лъабжьэ быдэ зыгъэтIылъа къэбэрдей литературэм зауэ нэужь зэманхэми, хэщIыныгъэ хьэлъэхэр зэригъуэтам щхьэкIэ къэмынэу, нэхъри нэхъ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрегъэхьэ. Литературэм и жанрхэм ящыщу усыгъэм абы зыужьыныгъэ гъуэзэджэхэр нэхъ пасэм къыщихьыфамэ, иужькIэ лъэпкъ литературэм жанр зэхуэмыдэ куэд япэм имыIауэ щызэфIоувэ, текIуэныгъэ пыухыкIахэри абыхэм зэрагъэпэщын яхуэзэфIокI.

ЛЪЭПКЪ литературэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы и ехъулIэныгъэхэр нэхъыбэу къызэрапщытэр прозэрщ. Апхуэдэ щапхъэкIэ убгъэдыхьэмэ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм къэбэрдей прозэм зыузэщIыныгъэщIэхэр зыIэригъэхьащ. Прозэм и жанр нэхъ цIыкIу дыдэхэм фIэкIа япэм зымыщIэу, къэзымыгъэсэбэпыфу щыта литературэм гъунэжу иIэ хъуащ дэтхэнэ лъэпкъ литературэми и текIуэныгъэхэр нэхъ зи фIыщIэ повестхэмрэ романхэмрэ. Iуэхур здэщыIэр лъэпкъ литературэм пасэм имыщIыхуу щыта а жанрым и пкъыгъуэ щхьэхуэхэр абы къызэрыхыхьа, иIэ зэрыхъуа, абыхэм я бжыгъэр зэрыин къудейркъым, атIэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зыщылъагъун хуейр абыхэм езыхэм зыузэщIыныгъэ, ухуэкIэ гъэщIэгъуэн, гъэпсыкIэ зэмыщхь зэрагъуэтарщ, блэкIа е нобэрей гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр пэжагъ инрэ кууагъ нэсрэ ящIэлъу къызэрагъэлъэгъуэфырщ.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм литературэм убгъуауэ къигъэIурыщIэу хуежьащ жанр нэхъ пIащэхэри, нэхъ гугъухэри. ХэпщIыкIыу ефIэкIуа лъэпкъ художественнэ дуней еплъыкIэм къигъэщI тхыгъэ гуащIафIэхэмкIэ хэкум, жылагъуэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, цIыхухэм я псэукIэ-щыIэкIэм пэджэж хъуащ. А илъэсхэм къриубыдэу дунейм къытехьа тхыгъэшхуэхэм яхолъагъуэ адыгэ тхакIуэхэм нэхъ тегушхуауэ зрапщыт зэрыхъуар лъэпкъым и гъащIэр убгъуауэ къэгъэлъэгъуэным, абыкIэ тхыдэ-революцэ лъэныкъуэмкIэ ещIа поэтикэр зэпIэзэрыт щIыжыным хущIэкъухэу. Зэуэ гупышхуэу лъэпкъ литературэм къыхыхьа тхакIуэ щIалэхэм я къэлъыхъуэныгъэхэм ахэр хуашащ гупсысэкIэ, унэтIыныгъэ зэмыщхьхэм къагъэщIа хьэтI зэмылIэужьыгъуэхэм прозэми, усыгъэми зыщаубгъуным, зауэм ипэкIи иужькIи ди литературэр хуабжьу зыхуэныкъуа лиризм щабэм къару игъуэтыным.

Лиризмэр зэбэкI тхыгъэхэр нэхъыбэу дунейм къытехьэу зэрыхуежьам тхакIуэхэр хуишащ я лъэхъэнэгъум и гурыгъу-гурыщIэхэр нэхъ кууэ щIэгъэлъауэ къызэIухыным; абы адыгэ литературэр зэрызэхэт пкъыгъуэхэми, жанрхэми зэхъуэкIыныгъэ хилъхьащ. Нэхъапэм ар усыгъэхэм нэхъ къыхэщу, абы пкъы хуэхъуу щытамэ, иджы абы и лъэр щигъэбыдэу хуежьащ зэуэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ, уеблэмэ тхыдэ къэхъукъащIэ инхэр къэзыIэт прозэми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, и тхыгъэм щIилъхьэ гупсысэми, темэми тхакIуэр зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэми захъуэжащ: иджы ар ихъуреягъыр къетхэкIыным къыпыкIри, купщIэр къызэкIуэцIыхыным, цIыхум и псэкупсэ дунейр къызэIухыным, психологизмэр нэхъ куу щIыным яужь ихьащ.

А Iуэхугъуэм и щапхъэу къэпхь хъунущ а илъэсхэм КIыщокъуэ Алим, Уэхъутэ Абдулыхь, Шортэн Аскэрбий, Гъуэщокъуэ Хъусин, Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Щомахуэ Амырхъан, Къашыргъэ ХьэпащIэ сымэ я творчествэм игъуэта зыужьыныгъэр. Абыхэм Iэзэу ирапх мэхъу жылагъуэм и пащхьэ гъащIэм къригъэувэ къалэн гугъухэм я зэфIэхыныр цIыху щхьэзакъуэм е гуп щхьэхуэм и зэфIэкIым; мыхьэнэшхуэ ирату хуожьэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ-зэхэтыкIэхэм, цIыхум и хьэл-щэным, псэм щекIуэкI зэдэуэныгъэхэм, гурыщIэхэм.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Аринэ.

Ящыгъупщэнукъым

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм махуэшхуэм теухуа зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Къызэхуэсахэм Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъыр щагъэлъэпIащ ТекIуэныгъэм и стелэу езыхэм мы Iуэхум егъэщIылIауэ иджыблагъэ ягъэувам и деж.

ФЭЕПЛЪЫМ тетщ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу 1941 - 1945 гъэхэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм езэуахэу 60-м я цIэхэр. Ахэр псори Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуахэщ.

ЗэIущIэм хэтахэм ТекIуэныгъэ ИнымкIэ ехъуэхъуащ УФСИН-м и унафэщI Демидов Александр.

- ГуфIэгъуэ ин дыдэр щыдгъэлъапIэ нобэ фIыщIэ мыухыж яхудощI ди Хэкур зыхъума Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм. Абыхэм дунейр фашизмэм къргъэла къудейкъым, атIэ икIи хьэлэлыгъэмрэ гущIэгъумрэ я лъэхъэнэ тыгъэ къытхуащIащ. Дэ абыхэм тхуэмыпшыныжын я щIыхуэ щыттелъщ. Ди щхьэ яхудогъэщхъ лъыгъажэ зауэзэрылIхэм щыхэкIуэдахэм. Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу нобэрей махуэ лъапIэмкIэ, - жиIащ Демидовым.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м и УИС-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Сасыкъ Анзор.

- Зауэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэм и фIыгъэкIэ дэ нобэ диIэщ мы зэманри, къэкIуэнури, - къыхигъэщащ абы. - Дунейр фашизмэм къыIэщIэзыгъэкIахэм я щIэблэ дэ догъэлъапIэ абыхэм я фэеплъыр икIи пщIэ яхудощI совет сэлэтхэм зэрахьа лIыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэт Абэнокъуэ Владимири фIыщIэ псалъэхэр яхужиIащ Хэкур зыхъумахэм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ щытыкIэр щымамыр зэманми я гъащIэр ятурэ я жылагъуэ хабзэр зыхъумахэми пщIэ лей зэрахуэфащэр. Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэми хуэдэу, ахэри зэи ящыгъупщэнукъым.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, мемориалым деж удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Зэхыхьэ гуапэр иухащ махуэшхуэ концерткIэ. КъБР-м щыIэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэм ягъэзэщIащ зауэ илъэсхэм яуса уэрэд цIэрыIуэхэр, Туменовэ Марьям къеджащ «Здесь похоронен красноармеец» усэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ФIыр ем щытекIуат

Къэхъун къуажэм дэт етIуанэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща Iуэху дахэр. Совет цIыхубэм яхэлъа лIыгъэм траухуа зэIущIэм хэтыну курыт еджапIэм и музейм кърагъэблэгъащ КПРФ-м Аруан щIыналъэм щиIэ и къудамэм и япэ секретарь Къардэн Мурадин, «Надежда России» урысейпсо бзылъхугъэ зэгухьэныгъэм Аруан щIыналъэм щыIэ и къудамэм и унафэщI Уэзы Еленэ, КПРФ-м хэт Джатокъуэ Казбек, Къэхъун къуажэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутат, альпинист Шыбзыхъуэ Казбек, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэта Къэмбэчокъуэ Алим сымэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ курыт еджапIэм и унафэщI Джатокъуэ Риммэ.

- Нобэ дызэIущIащ Хэку зауэшхуэм и хьэзаб псори зышэча, лIыгъэ яхэлъу дыкъэзыхъума, ТекIуэныгъэм и махуэр къытхуэзыхьа лIыхъужьхэм щIыхь яхуэтщIыну. Ар фIыр ем щытекIуа махуэт! - жиIащ абы.

Мы Iуэхум хэтахэр зауэ лъэхъэнэм ехьэлIа гупсысэхэм хишащ зэплъа видеотеплъэгъуэм.

Хэку зауэшхуэм хахуэу щыIа нэхъыжьхэм, Iыхьлы-благъэхэм ятеухуа хъыбархэр, уэрэдхэр жаIащ, усэ къеджащ, театр теплъэгъуи ягъэлъэгъуащ еджакIуэхэм. Шыбзыхъуэ Хъамсинэ тепсэлъыхьащ зауэм лIыгъэ щызезыхьа, абы зи псэр щызытахэм, къызэхуэсахэр иригъэплъащ зауэм зи мурадхэр къызэпиуда цIыху щхьэхуэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэм. Къардэн Мурадин къытеувыIащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда и адэшхуэм. Къэмбэчокъуэ Алим курыт еджапIэм и музейм тыгъэ хуищIащ СВО-м щыхэтым щхьэрыгъа жыр пыIэр. Уэз Еленэ еджакIуэ цIыкIухэм яжриIащ ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа ди адэжьхэм, СВО-м хэт ди щIалэхэм я лIыгъэм щапхъэ трахыну.

Iуэхум хэтахэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда зауэлIхэм.

ЕджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, хьэщIэхэр «Полк уахътыншэ» хэкупсэ Iуэхум зэдыхэтащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Iэужь дахэ

Адыгэ тхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд дахэу, фIыуэ дунейм къытринар нэрылъагъу къыпщызыщIхэм ящыщщ лъэпкъым и гъащIэм теухуауэ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ телъыджэхэр. ГъэщIэгъуэнщ икIи жыIапхъэщ ахэр нэрылъагъу щыхъуар тхакIуэм и ныбжьыр илъэс хыщIым щхьэдэха нэужькIэу зэрыщытыр. Тхыгъэ куэд къыщIэмынами, а къытхуигъэна мащIэмкIи ди литературэм езым и увыпIэ щхьэхуэ щеубыд тхакIуэ Iэзэм.

КIЭРЭФЫМ и тхыгъэ дунейм япэ дыдэу къыщытехьар 1987 гъэрщ. Мухьэмэд куэд щIауэ «щэхуу» зэрытхэм щыгъуазэ Сокъур Мусэрбийщ тхакIуэм и тхыгъэхэр цIыхум яригъэлъагъуну яужь ихьари. Абы и IэдакъэщIэкI «Лъэужь е лIэужь» тхыгъэ хьэлэмэтыр 1987 гъэм къыдэкIа «Iуащхьэмахуэ» журналым и 4-нэ, 5-нэ номеритIым къытехуащ. Абы къыкIэлъыкIуащ и «ЛIыжь хъыбархэр» зэрыт тхылъитIри. Ахэр 1989, 1993 гъэхэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Апхуэдэу утыку къихьащ а тхыгъэ купщIафIэхэр.

И къалэмыпэм къыщIэкIауэ дызыщыгъуазэ и тхыгъэхэм къахэщу, и псэм щигъафIэу, илъэс куэдкIэ гупсысапIэу иIахэр къыщиIуэтэжа тхылъщ «ЛIыжь хъыбархэр». ГъащIэми, цIыхугъэми, адыгэ лъэпкъми, Тхьэшхуэм телъыджэу къигъэщIахэм щыгуфIыкIыу дунейм тета а цIыху щэджащэми и Iэужь дахэщ ар.

КIэрэф Мухьэмэд и къалэмыпэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы тхыгъэри бзэ шэрыуэкIэ, къулейкIэ тхащ, «ЛIыжь хъыбархэри» абы и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщ. ТхакIуэм бгъэдэлъ художественнэ Iэзагъым щыхьэт техъуэу, повестым куэд дыдэу хэтщ фразеологизмхэр. Дэ зэрытщIэщи, фразеологизмхэм образ къэгъэщIыныIмкIэ мыхьэнэшхуэ яIэу щытщ. Куэду хэтщ метафорэхэмрэ зэгъэпщэныгъэхэмрэ. Мы художественно-изобразительнэ Iэмалхэми тхыгъэм и бзэр дахэ ящI, езы тхакIуэр къигъэщIа образхэм зэрахущытыр къыдгуригъаIуэ. Мыр зэрытха бзэр пщымыгъупщэжын ящI тхыгъэм жьы хъуа псалъэ куэд дыдэ зэрыхэтми. Ахэр псори гъуазэ тхуэхъуащ темэр къыщыхэтхым.

ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ икIи телъыджэщ художественнэ тхыгъэм бзэ и лъэныкъуэкIэ укIэлъыплъыну. НэхъапэкIэ сыт хуэдэ литературнэ тхыгъэ деджэми, бзэ и лъэныкъуэкIэ дыкIэлъыплъыртэкъым. ГъэщIэгъуэнщ тхакIуэм зы псалъэухам и кIуэцIкIэ синонимхэр, антонимхэр екIуу, IэкIуэлъакIуэу къызэрыщигъэсэбэпыр, гурыIуэгъуэщ тхакIуэр нэхъ Iэзэху къигъэсэбэп Iэмалхэри зэрынэхъыбэр, абы и бзэр нэхъ къулейуэ зэрыщытыр. ТхакIуэр зыхуеину псалъэхэр IэкIуэлъакIуэу бзэм къыхихыныр, ахэр Iэзагъ хэлъу ди пащхьэм кърилъхьэныр абы и къалэн нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ, ауэ жыIэпхъэщ тхакIуэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэ зыми а къалэныр къызэремыхъулIэр. КIэрэфыр ящыщщ а Iуэхугъуэм пэлъэщахэм.

Текстым и лингвистическэ анализым елэжьыныр бзэ зэрадж методикэм къыхыхьэ IуэхугъуэщIэу жыпIэ хъунущ. Ар елъытауэ къыщIэкIынущ текстыр анализ зэращIыр, а Iуэхугъуэм и кIуэцIкIэ нэхъ гу зылъытапхъэ щапхъэхэр зэрымащIэм. Ауэ щыхъукIэ, я бзэр тэмэму ягъэшэрыуэф хъун папщIэ еджакIуэхэм куэдрэ ядэлэжьэн хуейщ. Темэр зэпкърихыу текст дахэ зэхэплъхьэфын папщIэ техникэ лэжьыгъэ зыбжанэ ебгъэкIуэкIыфу щытын хуейщ.

Литературэр лъэпкъым и гъащIэм щыщ зы плъыфэщ. Ари плъыфэ къызэрыгуэкIыу щыткъым, атIэ хэгъэфIыкIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зэрыIэщакIуэр бзэращи. ЗэрытщIэщи, адрей псэ зыIут псоми цIыхур къазэрыщхьэщыкIыр бзэ шэщIа зэрыIурылъырщ. ЛъагапIэ инхэм цIыху акъылыр ялъэзыгъэIэсыр, псэ зыIуту мы дунейм тет псоми я щхьэкIэ зыгъакIуэр бзэращ. Псом хуэмыдэу, гъуазджэм и пкъыгъуэхэр къапщтэмэ, бзэр зи Iэмалыр адрейхэм япэ зэрищыр нэрылъагъу дыдэщ. Аращ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я мыхьэнэр лъагэ зыщIыр. ЦIыхум бзэ къызэрыгуэкIымкIэ адрей псоми къащхьэщыкIмэ, а бзэр эстетикэ хабзэм тет щыхъум деж, и пщIэм нэхъ ину зеIэт. Литературэ IэмалхэмкIэ гъэпса бзэм цIыхум и дуней еплъыкIэхэр образ купщIафIэкIэ къеIуатэ, ар дахагъымрэ Iэзагъымрэ я щапхъэ гъуэзэджэ мэхъу.

Литературэм сэтей къещI бзэм ирипсэлъэф псоми я зэхэщIыкIыр зыхуэдэмрэ абы ефIакIуэу зэрызихъуэжымрэ: апхуэдэу бзэм и зэфIэкIхэми зрегъэужь, цIыху щхьэхуэм и гурыгъу-гурыщIэхэри дахагъым и хабзэм тету къеIуатэ. НэгъуэщI зыри хэмылъми, мы къыжытIа мащIэмкIи нэрылъагъущ лъэпкъ литературэм и тхыдэр къэпщытэным и мыхьэнэр зэрыиныр.

КЪЛЫШ Камиллэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Мамырыгъэм хущIэкъуу

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьащ Украинэм зэпсэлъэныгъэхэр дегъэкIуэкIыным пащэжыну. Ар щыжиIащ Кремлым щригъэкIуэкIа пресс-конференцым.

ЛЪЭНЫКЪУИТIЫМ яку къыдэхъуа зэныкъуэкъур зэфIэхыным теухуауэ 2022 гъэм зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIын ирагъэжьауэ щытащ, арщхьэкIэ Лондонрэ языныкъуэ къухьэпIэ къэралхэмрэ я жыIэм щIэту ар Киев къызэпиудауэ щытащ. Абы иужькIэ къэралитIым я лIыкIуэхэр зэхуэзакъым.

«Киев и унафэщIхэм яхудогъэлъагъуэ 2022 гъэм и кIэм къызэпауда зэпсэлъэныгъэхэм пыдагъэщэжыну. Абы щыгъуэми къыхэзгъэщыну сыхуейщ абы ипэ къиихуэу щытыкIэ гуэри къытхуамыгъэлъэгъуэну. Iуэхур кIыхьлIыхь дымыщIу иужь дихьэпхъэу къызолъытэ, дызыхуэкIуэ махуэкум, накъыгъэм и 15-м, нэхъапэкIэ зэпсэлъэныгъэхэр щедгъэжьауэ щыта Истамбыл къалэм щыпытщэжыну къыхызолъхьэ. А Iуэхум мыхьэнэ пыухыкIа иIэну дыщогугъ. ДызыхущIэкъур зэныкъуэкъум щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр зэпкърытхыу, пIалъэ кIыхькIэ мамырыгъэ зэтщIылIэнырщ. Дэ ди еплъыкIэхэр къэдгъэнэIуащ, къэнэжыр украинэ унафэщIхэмрэ абыхэм я щIыбагъ къыдэтхэмрэ я унафэр къагъэлъэгъуэнырщ», - жиIащ Путин Владимир.

ЩIыIэм и зэранкIэ

Урысейм и мэкъумэш хозяйствэм гъатхэ щIыIэбжьым и зэран екIащ. Апхуэдэу, Фошыгъу къыщIэзыгъэкIхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ Бодин Алексей зэрыжиIэмкIэ, мэлыжьыхьымрэ накъыгъэмрэ дунейр щIыIэу зэрыщытам фошыгъу жэгундэм процент 12-кIэ хэщIыныгъэ иритащ, гектар мини 120-рэ хасэжэн хуейуэ къапэщылъщ.

СТАВРОПОЛЬ крайм и мэкъумэшыщIэхэм жаIащ мы гъэм хуэрыджейуэ, балийIэрысэу, шэфталу, къыпцIэу кърахьэлIэжынышхуэ зэрыщымыIэр. Краснодар крайми Къырымми къыщрахьэлIэжыну пхъэщхьэмыщхьэхэр процент 40-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ. ЩIыIэм нэхъ къелар нэхъ кIасэу хъу кхъужь, хьэиуэ, мыIэрысэ лIэужьыгъуэхэрщ.

Урысейм и жыггъэкIхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, щIыIэр иджыри зэрекIуэкIым къыхэкIыу, абы и кIэ къирикIуэнум, мэкъумэшыщIэхэм яIэну хэщIыныгъэр зыхуэдэнум утепсэлъыхьыну пасэщ.

Накъыгъэм и 13, *гъубж*

♦**УФ-м и Тенджыз ФIыцIэ флотым и махуэщ**

♦**1913 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубж Мухьэдин**.

♦**1924 гъэм** къалъхуащ Урысейм и ЛIыхъужь **Къардэн Уэхьид**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м пщIэ зиIэ и ухуакIуэ, УФ-м пщIэ зиIэ и гъуэгуухуэ, «Мостстрой» ОО-м и генеральнэ директору лэжьа **Джэрыджэ Къанщобий**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, Ингушым щIыхь зиIэ я артист **Зеущэ Iэуес**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градус 11 - 12 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 14, *бэрэжьей*

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэу щыта **Тау Пщыкъан**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ композитор, макъамэдж **Блай Тамарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи Iуэху егугъур дыгъэм япэ къотэдж.

Хэку зауэшхуэм къыхощ ди япэ итахэм я лIыгъи я гуауи. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэми щызэщIэтщ гуфIэгъуэ, гуауэ нэпсхэр. Нэхъыжь я лIыхъуэжьыгъэр щIэблэм ящымыгъупщэмэ, щIыхь хуащIмэ, щапхъэ яхуэхъумэ, ТекIуэныгъэ Иным и бэракъыр щIетхьэхын щхьэусыгъуи къэхъункъым. Хэку зауэшхуэм и лIыхъуэжьым и щIыхьыр абы иужь къиувэ щIэблэм зэрихъумэм и щапхъэу фыкъеджэ Каменномост къуажэм щыщ БЕЙ Iэдэм и тхыгъэм. ЛIыхъуэжьымрэ къуэрылъху бынымрэ зэрызэпха къуэпсыр зэрыбыдэр абы къегъэлъагъуэ.

Си дадэшхуэ

СИ адэшхуэм и адэ Бей ТIалэ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызэрихьащ. Сэ абы и хъыбархэм седэIуэн сфIэфIщ, и сурэтхэр, къыхуагъэфэща дамыгъэхэр сэркIэ лъапIэщ. Сыхуейт си адэшхуэм и адэр фэзгъэцIыхуну.

1918 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м Къармэхьэблэ (иджы Каменномост) къыщалъхуащ Бей ТIалэ Iэдэм и къуэр. Къуажэ школым классих къыщиуха нэужь, ар колхозым хыхьэри, дзэ къулыкъум ираджэхукIэ абы щылэжьащ. Дзэ плъыжьым 1938 гъэ лъандэрэ хэтащ. Унэм екIуэлIэжыну хунэмысу, Хэку зауэшхуэ къэхъеям кIуащ. Япэ махуэм щегъэжьауэ Iутащ псэзэпылъхьэпIэм.

Си дадэшхуэм и гъащIэм теухуа дэфтэрхэм, тхыгъэхэм сыщыхэплъэм си нэпсыр къысфIекIуэрт. Сигури щIэузт, ауэ икIи сыгушхуэрт, сыуардэт! «Хэку зауэшхуэм хэтыху Бейм зыкъигъэлъэгъуащ зауэлI хахуэу, къикIуэт имыщIэу. И щIэныгъи и гуащIи къанэ щымыIэу хуеунэтI фашистыдзэр хэгъэщIэным. И къалэныр нэсу егъэзащIэ, щIэныгъэ бгъэдэлъщ. Бейр зауэлI зэпIэзэрытщ, ткIийщ, ерыщщ. Политикэ Iуэхум фIыуэ хещIыкI, и щIэныгъэкIи и лIыгъэкIи зыхэтым къахощ», - сыкъеджэрт дэфтэрым!

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ си дадэшхуэм къыхуагъэфэщащ фIыщIэ тхылъу 18, медалу 4: «Хахуагъэм папщIэ», «Сталинград зэрихъумам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ», Жуковым и цIэкIэ щыIэр. Дамыгъэ лъапIэхэм хэлъщ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр. «Сталинград и хъумакIуэхэм лIыхъужьу зэрахэтам папщIэ сержант нэхъыжь Бей ТIалэ Iэдэм и къуэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къыхуегъэфащэ «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалыр», - сыкъыщоджэ медалым дэщIыгъу тхылъым. Согупсыс: «Сыт хуэдэ псэзэпылъхьэпIэт ар зыхэтар!» Сталинград щекIуэкIа зауэ гуащIэм тхылъхэм сыкъыщеджащ, абы теухуауэ «Освобождение» фильмым сеплъащ. Сеплъыхуи, си дадэшхуэр си нэгум щIэтт, зауэлIхэм яхэслъагъуэрт, и лIыгъэр зыхэсщIэрт! «Дауэ, дауэ мыпхуэдиз мафIэ лыгъейм къыхэкIыфа зауэлIхэр!» - пIейтейрт си гур. Си адэшхуэм и адэм папщIэ си щхьэр лъагэу соIэт! Ар зауэм къела къудейкъым, атIэ хахуагъэ къигъэлъагъуэу зэуапIэ губгъуэм итащ. Ар япэщIыкIэ телеграфисту, нэхъ иужькIэ 24-нэ авиабазэм и 559-нэ гупым и телефон станцым и унафэщIу щытащ. Телефон зэпыщIэныгъэр зауэм и лъынтхуэ пэлъытэт - абыи пэлъэщащ!

Сэ псэууэ слъэгъуакъым си дадэшхуэр. Ар сурэтхэм къыщысхупогуфIыкI: зэм нэхъ щIалэщ, зэми и щхьэм тхъугъэ хэтщ. Теухуа хъыбархэр си псэм йохуэбылIэ. ЗэпIэзэрыту, лIы Iущу, гушыIэ дахэ хэлъу щытауэ яIуэтэж. Сыту сыхуейт абы сыбгъэдэсу и зауэ хъыбархэм седэIуэну - зы дэзмыгъэхуу си гум изубыдэнут!

1945 гъэм мазаем къигъэзэжат си адэшхуэм и адэм. Авиаполкым и телефон зэпыщIэныгъэр зэтриухуэу, уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Къигъэзэжри, мазитIрэ ныкъуэрэ дэкIыжауэ, зауэр ди текIуэныгъэкIэ иухат. Си адэшхуэм и адэм къыщигъэзэжам ныкъуэдыкъуэт, ауэ лIыхъужьт! Колхоз лэжьыгъэм пэрыувэжри, 1995 гъэ пщIондэ хэтащ парторгыу, фермэм и унафэщIу, бригадиру, учётчикыу. И гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ щIыхь тхылъхэр иIэщ, лэжьыгъэм и ветеранщ.

Си адэшхуэм и адэ Бей ТIалэ 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м дунейм ехыжащ. Сэ куэдрэ сокIуэ ар зыщIэлъ къуажэкхъэм, и сыным Iэ дызолъэ.

Си дадэшхуэм быних иIэщ: Хьэбас, Iэуес (си адэшхуэр), Лубэ, Женэ, Светэ, Марьям. И быным, бынхэм я быныжхэм, абыхэм къащIэхъуэжахэм ди гум гуапэу илъщ ди лIыхъуэжьыр.

Зыгъэхьэзырар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Фашистхэр щрагъэкIуэтыжат...

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэм ижькIэрэ щыпхашауэ щыта адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн фIыуэ зылъагъухэм ди гъуэгуанэм пыдощэ.

АДЫГЭ Республикэм и къалащхьэм укъыщежьэу, Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэхэмкIэ дэс Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум унэсыным дэлъыр километр 85-рэщ. Абдежри дахащэщ. Зыщыпплъыхьын, зыщыбгъэпсэхун пфIэигъуэмэ, лъэданэ зыщибгъанэу, махуэ бжыгъэкIэ укъыщыни мэхъу.

Хьэуэ жыпIэрэ, бгыщхьэ аранэхэр уи плъапIэу, къуакIи-бгыкIи къызэбнэкIыу, тхыцIи ущхьэпрыкIыу, хы ФIыцIэр здэщыIэмкIэ ущыкIуэкIэ, Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм къыхэщхьэхукI Фыщт бгым и дыгъафIэ лъэныкъуэмкIэ къыщылъагъуэ лъагъуэр уи гъуазэу, нэм къыIуидзэм и гугъу пщIымэ, тIуащIэ лъащIэ бгъуфIэри лъапэрыт хуейри пхуэмыIуэтэщIын хуэдизу дахащэщ, узыIэпызышэщ.

Налшык икIа щIалэхэм, Бышэнхэ Хьэбасрэ сэрэ, ныбжьыщIэхэу Бышэн Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Амиррэ, ди гугъэххатэкъым аранэжьхэр зи къежьапIэ псыпэм лIэщIыгъуэкIэрэ щIилъэсыкIа тIуащIэ абрагъуэм лэгъуп теплъэ иIэрэ зэпэхъуреишхуэу абдежым дыщыIущIэну!

Щхьэгуащэ и псы къуэпсхэр щызэрихьэлIэж лъапэрытым ижьымкIэ къэлъагъуэ Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэм тIэкIу-тIэкIуурэ зыхуишийрт.

Ди пащхьэ уардэу къихута, Щхьэгуащэ здежэх кIейр бгъуфIэт, къуэ кууужь зыкъызэкъуэзыхам и лъащIэм аддэ жыжьэу зыгъэпсэхупIэ унэ цIыкIухэр щиплъагъурт, я Iуфэлъафэм шы зыбжани щыхъуакIуэу. Къуэпс цIыкIу-цIыкIуурэ зэхэлъэдэж Щхьэгуащэ здежэ лъэныкъуэр къыпхуэмылъагъужу, тIуащIэ лъащIэм сэмэгумкIэ зигъазэрти, ищхъэрэкIэ къыщыдгъэна Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум хуэжэрт...

Абдежым гу лъыттащ дыгъэр егъэзыхыгъуэ зэрыхъуами дэри тIэкIу дызэрешами. «ЦIыху куэд зэрыс хуейм жэщу дахыхьэ нэхърэ, джабэ нэкIум хуэфIу кIэрыт жыг гуэрэным дыщетIысэх щхьэ мыхъурэ?» - жытIа къудейуэ, жыгхэм дапхрыплъмэ, утыку захуэ мащIэу гъуэгурыкIуэхэм къагъэунэхуар къэтлъэгъуащ. ЩIы Iэнэщ тIэкIум жьэгу IэрыщI хъуэпсэгъуи итт, Iэхэлъахэм къедза къуэкIийми псы бгъунж псэгъэтыншыр бзэрабзэжу щежэхырт...

Нэху мыщ щIыкIэ сыкъэтэджри, мыужьыхыжыпа дэпхэм сащIэпщэурэ мафIэр зэщIэзгъэстыжащ. Гупыр тIэкIу дедзакъэри, тIыгъа хьэпшыпхэр зэщIэткъуэжащ.

Джабэ нэкIум кIэрыт мэз тIыпх мащIэм дыпхрыкIри, езы тхыцIэм и кIыхьагъкIэ къех лъагъуэм дытехьэжащ. Ауэрэ, зи лъабжьэ дыщIэкI жыгхэри кIуэщIащ, гъуэгу нашэкъашэми сэтейм дришащ.

Псым адрыщIкIэ къыщыт унэхэри абыхэм я Iуфэлъафэр зэхэзыкIухь цIыхухэри гъунэгъубзэу долъагъу. АрщхьэкIэ, псым и даущ макъыр ину къэIурти, «абыхэм дызэхахкъым», - жытIэ щIыкIэу, Къэбэрдейм икIа гупыр кIуэрыкIуэм тету ину адыгэбзэкIэ допсалъэ.

«Щхьэгуащэ аргуэру дыкърихьэлIэжаи?» - жытIэрэ зэдгъэщIэгъуэкIыу, къишкIушкIукIыу ежэх къуршыпс къабзэм телъ лъэмыж цIыкIум дытехьащ. Дыплъэмэ долъагъу: дызыхуэкIуэ унэхэм я зэхуаку дэтым и щхьэгъубжэ лъабжьэм цIыхуищ кIэщIэсщ. Ахэр ди дежкIэ къоплъэ, погуфIыкI...

«Сыту пIэрэ мыхэр мыпхуэдизу нэжэгужэ къэзыщIар?», - жытIэу, дызэупщIыжурэ дащыхуэкIуэм, гъунэгъу дызыхуэхъухэм языр, зэрыпыгуфIыкIыу, урысыбзэкIэ къэпсалъэри: «Смотри, черкесы идут!» жиIащ.

Ар апхуэдизу ди гуапэ хъуати, зэрыдгъэщIэгъуэн дымыщIэу щысхэм дащыбгъэдыхьэм, фIэхъус зэхынри гушыIэнри зы тщIыри, «дызэрыадыгэр дауэ къэфщIа?», - жытIэри, захуэдгъэзащ...

- Моуэ иджыпсту фи гугъу тщIа къудейт! – жэуап къитыжащ хъумакIуэу зыхуэдгъэфэща лIышхуэм. - Дыгъуэпшыхь щхьэдэхыпIэм фыкъыщытеувам, нэрыплъэр сIурылъти, гуфлъыстащ. «ШыфэлIыфэкIэ» нэгъуэщIхэм фахуэдэкъым. Фи бзэр-щэ! Псым фыкъызэпрыкIыу фи псалъэмакъ къэIуати, къызбгъэдэсхэм, «ди къуэшхэр къокIуэ!» - жаIа къыщIэкIынт, зыкъытраIэтыкIащ, зыхэсщIэу.

«Пэжу пIэрэ ар?» - жытIэу, щIалэхэм дащыхуеплъэкIым, адрейхэр къэпсэлъащ: «Фыадыгэкъэ?» жаIэри. ИкIи жэуапым пэмыплъэу, дызбгъэдагъэтIысхьащ. ДызэрыцIыхуащ. Езыхэр Адыгейм хиубыдэ Хьэкурынэ хьэблэ щыщ зэкъуэшхэу Сихъухэ Русланрэ Рэмэзанрэт. Нэхъыжьыр, Руслан, Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуахэм яхэтащ. НэхъыщIэм, Рэмэзан, куэд жиIэртэкъым, нэхъ щэхут. КъызэрыдгурыIуамкIэ, гъуэгугъусэу и къуэшым къыдежьат.

Абдежым дыздэщысым, дигухэр зыр адрейм ейм хузэIухауэ, куэдым дытепсэлъыхьащ. Нэхъыбэу зи гугъу тщIар дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрыхуэсакъыпхъэр, щIыуэпсым хуэфащэ гулъытэ игъуэтын, абы къыхэкIыуи, «мэзгъэфIэнхэр» зезыхьэхэмрэ ахэр зыхъумэхэмрэ фIыщIэ лей яхуэщIын зэрыхуейр арат. Мыдрейуэ:

- Мы къуэладжэм сыт фыкъэзыхьар? - жытIэу, кIахэ адыгэхэм защыхуэдгъазэм, зэхэтхари гъэщIэгъуэнщ:

- Ди жьэгужь дыкъихьэжу аращ, - къыхигъэщащ Руслан. ИтIанэ и Iэ ижьыр Щхьэгуащэ здигъазэмкIэ ищIри, - мес мо мэз Iувыжьым хэкIуэсэж псым и Iуфэм Iусащ Сихъухэ дызыдэса жылэжьыр.

Абазэхэ щIалэм жиIар зэрыщыпкъэм щыхьэт техъуэ тхылъ кIапэ гуэр илъэс зыбжанэ дэкIауэ сэ къысIэрыхьат. Ар Адыгэ Республикэм хиубыдэ Къэбэхьэблэ жылэм дэт лъахэхутэ музейм и лэжьакIуэ Хьэсэныкъуэ Хьэмэд илъэс 20-м щIигъукIэ зэхуихьэсыжа, Урыс-Кавказ зауэм и пэкIэ адыгэхэр зэрысу щыта щIыгур къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрхэм къатрищIыкIыжа картэщ. Абы IупщIу иболъагъуэ Щхьэгуащэ псыхъуэ дэс Гъуазэрыплъ къуажэ цIыкIум нэхъ ищхьэжкIэ иджыри зы жылэ цIыкIу зэрыдэсыгъар. ЦIэуэ зэрихьэри Сихъу-хьэблэт...

НэIуасэ къытхуэхъуахэр дыздэкIуэмкIэ къыщыдэупщIым, Шахэ псыхъуэр ди гъуазэу хы псыIумкIэ зэрыдунэтIынур яжетIащ. КъыдэхъулIэмэ, а Iэгъуэблагъэм дэт шапсыгъ къуажэхэм я нэхъ ин ШахэкIеишхуэ дынэсу, абы щыпсэу, куэд щIауэ ди нэIуасэ Гъуафэ Руслан дыхуэзэну зэрытфIэигъуэри къыхэдгъэщащ. Ар щызэхахым, зэкъуэшитIым я нэхъыжьыр къэпсалъэри: «Гъуафэ Русланрэ сэрэ зыкъом щIауэ дызэроцIыху. Абхъазым зауэр щыщекIуэкIам дызэдэщыIащ. Фыхуэзэмэ, фIэхъус гуапэ схуефхыж, фэрэ дэрэ нэIуасэ дызэрызэхуэхъуам и хъыбарри лъэвгъэIэсыж!» - жиIащ.

Лъэгум дэсхэм иджыри зэ фIыщIэ яхуэтщIыжри, ди гъуэгу дытехьэжащ. Тафэр щиухым, лъагъуэм зиIэтащ, мэзми щIидзэжащ. Къуащхьэм адрыщIкIэ зыкъыщызыIэт джабэ нэкIурат иджы ди зекIуапIэр. АтIэми, зи бгъуагъыр тфIэтелъыджащэ кIейр апхуэдизу къыткIэлъыдэхэкIти, абы нэ лейкIэ дыIуплъэжын папщIэ, гупыр щIэх-щIэхыурэ дыкъэувыIэрт, нэхъ лъагэжу дызэрыдэкIуейр зэдгъэщIэгъуэкIыжу.

ЩIыIэпсым нэхъ пэIэщIэ дыщыхуэхъум, ди лъэхэр нэхъ щIэкI дыхъуащ. ИжьымкIэ дызыблэкI Фыщт бгыжьым и аранэ щыхупIэхэр языныкъуэхэм деж гъунэгъубзэу къэлъагъуэрт. Ауэрэ гупыр дыхуокIуэ Фыщт Iуащхьэм зыкъыщIэзыш бгыщIэ джабэжьым. Ар икIи щIэплъыпIэ нэзт, а щIыпIэм сэнтх кIыхь щыхъужу.

КъызэрыдгурыIуамкIи, абдежыр Щхьэгуащэ (Белореченскэ) щхьэдэхыпIэт. Адрей лъагапIэхэми хуэдэу, мыбдежми гуфIэгъуэ иным дыщызэщIищтат, «аргуэру зы шытх дихьакъэ иджыри!» жытIэри.

ГъэщIэгъуэнракъэ, Фыщт бгыжьым ипщэкIэ гъэза и къыр дзакIэхэр, дыгъэм зэрижьэм и нэщэнэу, дыщафэ-хужьыфэщ. Апхуэдэкъым ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ гъэза нэпкъыжьхэм я теплъэр. Ахэр морафэфIыцIафэщ. Нэхъ хьэлэмэтыжыр, къуршхэм я плъыфэм зыщызэрихъуэкI щIыпIэр Кавказыр «Ищхъэрэ», «КъущхьэщIыб» Iыхьитiу зыгуэш Щхьэгуащэ щхьэдэхыпIэм зэрыхуэзэрт. КъызэрыхэбгъэщынкIи, абдежыр Мейкъуапэ кIэ еплъэкIыж къуэладжэхэмрэ хы IуфэмкIэ гъэза къуэкIийхэмрэ я зэпылъыпIэщ.

ХъупIэхэм дызэрынэсами, «КъущхьэщIыб» дызэрихьами шэч къытрыуагъэхьэжыртэкъым, дызыIущIэ Iэщыхъуэхэм я нэхъыбэр къызыхэкIа лъэпкъкIэ зэрыермэлым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дызэрыщыгъуазэщи, абыхэм ящыщ куэдым хы псыIур псэупIэ яхуэхъуащ, я Iэщри бгыщхьэ хъупIэхэм къыдаху.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Мейкъуапэ лъэныкъуэмкIэ къикI нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Кавказ шытхыжьым и щIыб къыдыхьэн я гугъат. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, ар зрагъэхъулIатэмэ, хы псыIумкIэ къащыхуэмыщтэ Сочэ тыншу къахуэзэунут. АрщхьэкIэ ди хэкупсэхэм яхуэзэфIэкIащ, бгым къищхьэрыуа фашистхэм ерыщу щапэщIэувэу, мыбдежым биидзэр щрагъэкIуэтыжын. Совет зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм и фэеплъу, щIыхь пхъэбгъухэр мы щIыпIэм щыIэ мывэ дзакIэхэм щеIулIащ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мэлыжьыхьым и 17-м къыдэкIа «Адыгэ псалъэм» къытехуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Акъбащ Ипщэм гущIэгъуншэу щаукIа цIыхуипщIым ятеухуа тхыгъэ (№46, «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Акъбащ Ипщэм щызэрахьа лейр»). Ди редакцэм къытхуеблэгъащ абы зи цIэ къыщиIуахэм яз Уэлджыр Хьэжбарэ ипхъу Зое.

Ямылъэгъуа адэ

УРЫСЕЙМ и прокурор нэхъыщхьэ Краснов Игорь илъэс блэкIам утыку кърихьауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Совет Союзым ис лъэпкъхэм ираха лейр «лъэпкъгъэкIуэду» («геноциду») къэлъытапхъэу икIи куэд дэмыкIыу ар хабзэкIэ даIыгъащ. Ди республикэм нэмыцэхэм щызэрахьа лейр абы и зы Iыхьэти, КъБР-м и прокуратурэм ахэри лъэпкъгъэкIуэду къалъытэн лъэIу тхылъыр судым игъэхьа нэужь, лей зытехьа цIыхухэм я Iыхьлы-благъэхэр хейщIапIэм ирашалIэурэ, ящIэжыр кърагъэIуэтащ. Уэлджыр Зои и адэм и щыхьэту къагъэпсэлъащ. Хьэжбарэ щагъэтIысам, Зое иджыри дунейм къытехьатэкъым. Ауэ и сабиигъуэм щегъэжьауэ и гъащIэ псом здыкIуэцIриха гукъэкIыжхэр зытеухуар езым и унагъуэрщи, и нэкIэ илъэгъуам хуэдэу топсэлъыхьыж. АпщIондэху и гум щызэрегъэзахуэ сурэткIэ фIэкIа имыцIыху и адэр илъагъуну Iэмал къезымыта щхьэусыгъуэхэр.

- Сэ а псом сызэрыщыгъуазэр си анэм, си адэ къуэшым, къуажэгъухэм жаIэжа хъыбархэмкIэт, ауэ куэдрэ зэрызэхэсхара къыщIэкIынщ, си нэгум щIэтым хуэдэщ. Нэмыцэхэр ди къуажэм къыщыдыхьар бжьыхьэут, жэпуэгъуэ мазэм. Си анэмрэ абы и нысэгъуищымрэ нартыху ятхъыу, самэм и хъуреягъкIэ къетIысэкIауэ щыст, нэмыцэ офицерыр къыщыкIуам. «Хьэжбарэ дэнэ щыIэ?» - жиIэри, ди анэм урысыбзэкIэ къеупщIат. Аркъудейм къигъэлъагъуэртэкъэ бзэгу зэрахьари зыгуэрым чэнджэщ къазэрыритари. «Тэрч ираджащ», - жриIащ ди анэм. Пэж дыдэу, Тэрч райкомым ираджауэ щыIэт, и къуэшищыр фронтым дашакIэт. Езыр къуажэ советым и унафэщIу лажьэрти, «мыбы нэхърэ нэхъ цIыху щабэрэ цIыхуфIрэ къыдэпшынукъыми, мыр дэIэпыкъуэгъуу къэдгъэнэнщ» жаIэри, райкомым и унафэкIэ «подпольщик» жыхуаIэм хуэдэу къащтауэ, тIасхъэщIэх щэхуу, партизанхэм япыщIауэ, унафэщхьэхуэхэр къыхуащIу апхуэдэт. Нэмыцэр гъунэгъу къызэрыхъуар зэрызэхихыу, Iэщыщхуэр яхуэхъумэнутэкъыми, колхоз мэлыр зырыз-тIурытIурэ унагъуэхэм ятригуэшащ, зритар итхащ. Мыр колхоз мылъкущи, нэмыцэр дэкIыжмэ, колхозым ивотыж яжриIэурэ, бжьэ матэхэмрэ мэлымрэ игуэшат. Ар зэрыт тхылъымпIэр сельсоветым и блыным хаяуэ къыхахыжри, абыкIэ псори зэхуахьэсыжауэ щытащ зауэ нэужьым. АпхуэдизкIэ и къалэным фIэлIыкIырти, сельсовет мыхъурыр и жыпым илъу кърихьэкIырт. Тэрч дэс си адэ шыпхъум деж дыхьат махуэ гуэрым. «Мы уи жыпыр къыгуэзышым утраукIэнущ», - къыжриIэри, езым бжьыныху хисэу арати, хьэсэпэм деж щыщIригъэтIауэ щытащ мыхъурыр, иужькIэ къыщIахыжащ.

АдэкIэ Зое и хъыбарыр 1942 гъэм мэIэпхъуэ.

- Арати, нэмыцэр къэсри ди адэр дашащ. Тамбовскэм деж щхьэлыжь гуэр бгынэжауэ щыIэти, ар гестапэм тутнакъэщ ищIри, абы щаIыгъащ ягъэтIысахэр, жэщкIэ къыщIашурэ я мащэхэр кърагъэтIыжу. Ди анэм зэрыжиIэжамкIэ, ди адэр ягъэтIыса нэужь, зыгуэр щэхуу къакIуэри, жэщым бжэм къытеуIуащ. «Умышынэ, Хьэжбарэ сыкъигъэкIуауэ аращ, сынищIэгъэхьэ, - къыжриIащ, цIыхухэм гу къылъамытэн хуэдэу. - Нэху здэщым, уи быныр зэщIэкъуи, уи дыщ кIуэж, къыбжиIэжащ». ХьэпцIей щыщт ди анэр, Борий Катеринэ Машэ ипхъу. СабииплI, я нэхъыщIэ дыдэр илъэсих фIэкIа мыхъуауэ иIэт, сэ ныбэм силът. Арыкъ гъуэгумкIэ шэкъэуэж (минэ) щIэлъти, ухыхьэ хъуххэнутэкъым. Сытми, и псэр и дыщ нихьэсащ. ЯукIынухэм я спискэм дэри дызэритыр къэзыщIа ди адэм апхуэдэу и фызри, и быниплIри, колхоз мылъкури къригъэлауэ щытащ, езыр хэкIуадэри.

Уэлджыр Зое и адэм и гъащIэ гъуэгур нэхъ нэгъэсауэ къыщыхьащ я лъэпкъым и тхыдэр зэрыт тхылъым. Хьэжбарэ 1905 гъэм дунейм къытехьащ. И ныбжьыр илъэс 14 фIэкIа мыхъуу, ар 1919 гъэм хыхьащ Деникиным пэщIэта Малокабардинский полк дзэ зэгухьэныгъэм. Дзыхь зыхуащI щIалэр ВКП(б)-м 1924 гъэм хагъэхьэри, Налшык дэт Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIум щIагъэтIысхьащ. Ар къиуха нэужь, Хьэжбарэ зыхэт партым и къудамэм и унафэщIу къыщалъхуа къуажэм ягъэкIуэжащ, жэпуэгъуэ революцэм къыпэщIэувахэм 1928 гъэм езэуахэм яхэтащ. 1930 гъэм Уэлджыр Хьэжбарэ щIотIысхьэ Ростов дэт парт школым. Ар къиухыу къигъэзэжа нэужь, Тэрч район судым и еплIанэ участкэм и унафэщIу ягъэув. 1937-1942 гъэхэм Хьэжбарэ Акъбащ Ипщэм щыIэ парт къудамэм и секретару икIи къуажэ советым и унафэщIу лэжьащ, а къулыкъуитIыр зэдихьу Хэку зауэшхуэм IущIащ. Адрейхэр Зое къыджиIэжащ. Зауэр иуха нэужь, Уэлджыр Хьэжбарэ «И хахуагъым папщIэ» медаль (дунейм ехыжауэ) къыхуагъэфэщауэ щытащ.

И къуэр зэрагъэтIысар зэрызэхихыу, Хьэжбарэ и анэм къуажэр къызэхикIухьауэ жаIэж, абы щIэбгъэкъуэншэн лажьэ зэрыкIэрымылъым и щыхьэтхэр зэхуихьэсу. Ахэр иIыгъыу гестапэм щыкIуэм, нэмыцэхэр къыщыдыхьэшхащ, «уи къуэр Сыбырым яшащ» къыжраIэу. Хьэжбарэ абы щыгъуэ яукIри щIалъхьэжакIэт.

Зое и гукъэкIыжхэм къыхохуэ и адэм хуагъэува фэеплъым теухуа хъыбархэри. Ауэрэ псалъэмакъыр Хьэжбарэ и гъусахэм ядежнос. КъызэрыщIэкIымкIэ, Зое и закъуэщ абыхэм я щIэблэм щыщу къэнар:

- Къэрэшей Хьэжумар и цIэр псоми ящIэ, революционер цIэрыIуэу щытащ. Абы и щхьэгъусэ Лулрэ си адэмрэ зы мащэм кърахыжауэ щытащ. Тэмэн Хьэутий фызкъэмышэт, илъэс 27-рэ хъууэ арат. Горчхановыр ингушу къыщIэкIащ, абы и къуэм сыщыхуэзауэ щытащ мы тхьэмыщкIэхэр яхэту цIыху 38-м, Мэртэзейрэ Къаншыуейрэ я зэхуакум, зы километр хуэдизкIэ ди къуажэм пэIэщIэу, щыхуагъэува фэеплъым деж, Дубки хъужыр арат.

Уэлджыр Хьэжбарэ и хъыбарым ещхь куэд ехъумэ щIы фIыцIэм. Зи цIэр ямыщIэххэу, апхуэдэ дыдэу лей зытехьа дапщэ хэкIуэда зауэ гущIэгъуншэм. Дэтхэнэ зыми и ахърэтыр нэху Алыхьым ищIи, хейуэ зэрыкIуэдам и ныбжьыр къащIэна щIэблэм кърэгъулу ящхьэщигъэт.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Ди газетым и щIэджыкIакIуэ жыджэрхэм ящыщщ Каменномост жылэм дэт курыт школым илъэс куэд лъандэрэ адыгэбзэр щезыгъэдж ЛЫХЬ Людмилэ. Ар щIэх-щIэхыурэ къытхуотхэ, гъащIэм, махуэгъэпсым къыщыхэгъэбелджылыкIа махуэщIхэм, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуа и гупсысэхэр къытхуиIуатэу. Нобэ Людмилэ къытхутопсэлъыхьыж 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэта и адэшхуэм а лъэхъэнэ гугъум кърищза удынхэм, телъа бэлыхьхэмрэ хьэзабхэмрэ.

КъызэрыгуэкI сэлэт



«ХЭКУ зауэшхуэм гуауэу къытхуихьар цIыхухэм ящыгъупщакъым, ар зылъэмыIэсауэ зы унагъуэ закъуи къэнакъым. Ди Къармэхьэблэ къуажэр къапщтэмэ, цIыху 800 зауэм дэкIащ, я лъахэр яхъумэжыну. Абыхэм ящыщ куэдым я псэр ятащ, дэ нобэ мамыру, насыпыфIэу дыпсэун щхьэкIэ. Ауэ зи насып къекIэрэхъуэкIыу къэзыгъэзэжахэри щыIэщ. Апхуэдэт си адэшхуэ Мырзэбэч Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм 1922 гъэм къыщалъхуащ Мухьэмэд. Абы и адэ Хьэмзэт ефэндышхуэу щытащ икIи политикэ лей щызэрахьа 1937 гъэм «цIыхубэм я бий» цIэр къыфIащри дашащ. И хъыбари зэи зэхахыжакъым. Хьэмзэт къуиплIрэ пхъуищрэ иIащ: Мурат, Гъузер, ХьэзрэIил, Мухьэмэд, Хьаний (Джатэ), КIуцэ (ТхьэщIокъуэ), Цуцэ (Чыржын). Зауэр щыщIидзам, зэкъуэшиплIри дэпш хъуну я ныбжькIэ нэсат, ауэ япэу ираджащ зэшхэм я нэхъыщIэ Мухьэмэд, итIанэ - ХьэзрэIил. 1943 гъэм зэгъусэу даша Муратрэ Гъузеррэ Ростов и гъунэгъуу зауэ гуащIэм хэту гъэру яубыдри, гъэрыпIэм ихуащ. Ди къуажэгъуу абыхэм я гъусам зэрыжиIэжамкIэ, ди сэлэт гупым мурад ящIат щIыр щIатIыкIыу зэгъусэу щIэпхъуэжыну. Ауэ Мурат и къуэш Гъузер къигъанэу щIэпхъуэжын идакъым: ар уIэгъэ хьэлъэти хулъэкIынутэкъым. Гъузер зэрыхъукIэ нэмыцэхэм я нэгу къыщIамыгъахуэу ягъэпщкIурт, щэхуу ягъашхэрт, нэхъыфI къэхъурэ къару тIэкIу зэригъэпэщыжмэ, щIэпхъуэжыну я гуращэу. Абы щхьэкIэ «Iус» къыхуаугуэшым щыщ зы шынакъ лейуэ къагъакIуэрт. Зы фашист гуэрым абы гу лъитэри бзэгу ихьащ икIи Гъузер къагъуэтащ. Фашистхэм уIэгъэхэри, сымаджэхэри яукIырти, Гъузер яукIыну щыкIэрагъэувэм, и къуэш Муратыр (сыт напэр сиIэу си адэ-анэм сахуэкIуэжыну, си къуэшыр си мыгъусэу, жиIауэ пIэрэ?) кIуэри бгъурыуващ, жаIэ. Апхуэдэу зэкъуэшитIри яукIащ...

ХьэзрэIил хэкум папщIэ зауэурэ Венэ нэсащ. Абы орден, медаль зыбжанэ кърататщ, лIыгъэ хэлъу зэрызэуэм папщIэ.

Мухьэмэд Хэку зауэшхуэр щыщIидзам илъэс 19 хъууэ арат, 20 щрикъум, зауэм ираджащ. Сэрмакъ къуажэм щыщу и гъусэу дэкIат Гуэнгъэпщ ТIутIэ, Шыд Хьэсен, Урысмамбэт Нурхьэлий. Ахэр япэщIыкIэ Мэздэгу къалэм яшэри, мазэ хуэдизкIэ Iэщэ IыгъыкIэм, зэуэкIэм тIэкIу хурагъэсащ, итIанэ Ростов областым яшащ. Ставрополь деж зауэ IэнатIэм япэу Iуващ, 21-нэ фочауэ дивизием и 116-нэ полкым и езанэ фочауэ батареем и етIуанэ ротэм и езанэ взводым хэту. Зауэ гъуэгуанэ кIыхь къикIуну хунэмысами, Мухьэмэд и нэкIэ илъэгъуащ а зауэм и гущIэгъуншагъымрэ абы цIыхухэм насыпыншагъэу къахуихьамрэ.

1942 гъэм и шыщхьэуIум и 8-м си адэшхуэр зыхэта полкымрэ нэмыцэхэмрэ зэзауэ гуащIэ зэхаублащ. Мис а махуэ хьэлъэм теухуауэ си адэшхуэм жезгъэIэжыфа мащIэр: «Дунейр мафIэу къэлыдами ярейт. ИщхьэмкIэ лагъым къытхадзэрт, илъабжьэмкIэ фочышэр къыттрагъэлъалъэрт. ПфIэщIынт щIымрэ цIыхумрэ зэхипщэжауэ. Дунейм теттэкъым а махуэм е уамыукIыу, е уIэгъэ уамыщIу укъызэрыхэкIыфын...»

Гъунэгъуу лагъым къауэри, сэмэгумкIэ щытри ижьымкIэ щытри иукIащ. Абдеж Мухьэмэди уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ: абы и щIыбым шэ къутахуэхэр хипхъат, и тхьэмбылми шэ хэлът, и Iэ сэмэгумрэ блэгъумрэ зэхикъутат. Зэхэуэр щыувыIэм, уIэгъэхэр губгъуэм кърахащ, зызымыщIэжу щылъ Мухьэмэд яукIахэм хабжэри иужь кърaнахэм яхэхуащ... ТIэкIу зыкъищIэжа нэужь, абы зэхихащ шыгу макъ - губгъуэ гъуэгум шыгу кIуэцIрыкIырт. Къаруу иIэр зэхилъхьэри, абы и анэ Быбэ иригъэщIауэ щыта зэчырыр зэрыхузэфIэкIкIэ жиIэу щIидзащ. Шыгухум ар зэхихри, къыбгъэдыхьащ. «Кто по национальности?» - жиIэри къеупщIащ. «Кабардинец» щыжиIэм, «о, земляк, земляк...» жиIэурэ къиIэтащ, ерагъыу гум иригъэгъуалъхьэри, уIэгъэщ гъунэгъум ишащ. Зауэ нэужьым къилъыхъуащ куэдрэ Мухьэмэд а лIыжьыр, фIыщIэ хуищIыжыну хуейуэ, ауэ игъуэтакъым.

ЕсэнтIыгу дэт уIэгъэщым тIэкIурэ щIэлъауэ, нэмыцэхэр гъунэгъу къэхъуу Псыхуабэ яубыдакIэу хъыбар къэIуащ. «Куэд дэмыкIыу нэмыцэхэр мыбыи къэсынущ. Дэ псори фыдгъэIэпхъуэну Iэмал диIэкъым. Зи лъэ зэрихьэм фи щхьэр къевгъэл», - къыжраIащ уIэгъэхэм. Тхылъ тIэкIуи кърататщ, уIэгъэщым зэрыщIэлъар иту. Арати, Мухьэмэд ЕсэнтIыгу къыщыщIэдзауэ лъэсу жэщитI-махуитIкIэ къэкIуащ, шырыкъу хуэмыхъум и лъакъуэр лы цIынэу трихауэ, и блэгъукIэр е екIуарэ къезауэу, и джийм еха щIагъуи щымыIэрэ икIи мыжейуэ. Гъуэлъым, дэIэпыкъуэгъуншэу къэмытэджыжыфынкIэ шынэрти, мывэшхуэхэм, нэпкъ цIыкIу хуэдэхэм закIэригъащIэурэ щхьэукъуэрти ежьэжырт. Апхуэдэу бгы защIэкIэ къакIуэурэ, ещанэ махуэм Чыщбалькъ къуажэм къэсащ. Мэкъу зэщIэзыкъуэу хэтхэр къилъагъури, и къару мащIэмкIэ егуоуащ, абдежми зимыщIэжу къэукIуриящ. Ар къэзылъэгъуахэр къыбгъэдэлъэдащ, унэм къахьри ягъэшхащ, зыцIыхуи яхэтти, гукIэ Къармэхьэблэ къэрашэхыжащ. Е екIуа и блэгъур мазэ куэдкIэ ягъэхъужащ и анэ Быбэрэ Iэщ дохутыру еджа, удз хущхъуэкIи Iэзэ Бейтыгъуэн Рэмэзанрэ.

НэхъыфI зэрыхъужу, военкоматым кIуэри и къэкIуэжыкIа хъуар яжриIащ, уIэгъэщым кърата тхылъыр яхуихьати, Iахри ягъэкIуэдащ. Нэмыцэхэр къуажэм къыдыхьа нэужь, и къуэр яукIынкIэ шынэри, Быбэ абы и военнэ билетыр игъэпщкIуати, бийр дэкIыжа нэужь, ешыху лъыхъуащ, ауэ игъуэтыжакъым. А Iуэхугъуэхэм я зэранкIэ си адэшхуэм, щыхьэт къыхуэхъуни имыгъуэту, «кIуэрыкIуэсэж» къыфIащри, бэлыхьу ишэчам нэмыщI, зэман бжыгъэ гуэркIэ щагъэсащ. Лажьи-хъати зэрыкIэрымылъыр зэхагъэкIа нэужь, къаутIыпщыжащ, ветераным хуащI хабзэ пщIэи къыхуащIыжащ, зауэм ныкъуэдыкъуэ зэрыщыхъуам щхьэкIэ ахъшэ кърaтырт, зыгъэпсэхупIэ унэхэм ягъакIуэрт. Абыхэм папщIэ къэралым фIыщIэ хуищIырт си адэшхуэм, ауэ пудыныгъэ къылъысауэ зэрыщытари зэи и гум хуигъэхуакъым...

Сэ куэдрэ сигу къоуэж ашэшпапэ (арат си адэшхуэм дызэреджэр) зауэм теухуауэ тIэкIу зэрызмыгъэпсэлъар. Апхуэдэу жысIэ щхьэкIэ, абы и жагъуэт а зэман хьэлъэм и гугъу ищIыжыну. ЛIыгъэ гуэр зэрихьауи зыкъыщыхъужыртэкъым. КъэсIуэтэжа тIэкIури си анэ Женя (Марям), си анэ дэлъху Мущтэфа сымэ пытхъахуэурэ зэхахыжахэм ящыщщ.

Зауэм ныкъуэдыкъуэ ищIат Мухьэмэд: и Iэ ижьыр къэшыжыртэкъым, и щхьэр фIыуэ иригъэзыхыу фIэкIа, и Iэр къиIэту шхэфыртэкъым. Автоматышэу тIурэ шэ къутахуэу блырэ къытехуат, и Iэ сэмэгум къупщхьэу хэлъыр щэщати, лэжьыгъэ хьэлъэ хуэгъэIэрыхуэртэкъым. Зэи сщыгъупщэжынкъым гъэмахуэу, и джанэр щихауэ зезгъэтхьэщI пэтрэ сызыIуплъа и щIыбыр: мафIэм хисхьам ещхьт и щIыбыр псори, зэрыщыту уIэгъэпIэрэ и фэхэр зэхуэлъэфэсыжауэ.

И гум пэгъунэгъуу хэлъ шэ къутахуэхэр къыхажыххатэкъым - уеIусэну шынагъуэт. Апхуэдэу псэуащ, и Iэпкълъэпкъым нэмыцэшэ къутахуэхэр хэлъу. ИтIани, и щIалэхэр балигъ къэхъуху, мэкъу тIэкIуи еуащ. Унэшхуэ ищIащ. Насып иIэти, и щхьэгъусэ Софят цIыху къабзэлъабзэу, лэжьакIуэшхуэу къыIэрыхьат, цIыхубз лэжьыгъэ, цIыхухъу лэжьыгъэ жиIэу зэхэдз имыIэу щIэгъэкъуэн къыхуэхъурт. Я бынхэу Женя (Марям), ФатIимэт, Iэнисэт, Мущтэфа, Ахьмэд сымэ зыми хуамыгъэныкъуэу, цIыхум емыхъуапсэу зэщIапIащ, иригъэджащ, унагъуэу ягъэтIысы-жащ.

«Сыныкъуэдыкъуэщ» жиIэу зы махуэ тхьэусыхакъым икIи лэжьыгъэншэу щысакъым Мухьэмэд. Ар лэжьащ хъумакIуэу, пощтзехьэу, нэмыцэхэм зэхакъута колхозыр зэфIэгъэувэжыным хузэфIэкI хищIыхьащ. ГуащIэшхуэ бгъэдэмылъыж щхьэкIэ, IэпщIэлъапщIэти, и Iэр дакъикъэ увыIэртэкъым.

Зауэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ кърaтауэ щытащ Жуковым и цIэр зезыхьэ медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэр. Жуков Георгий езым итхауэ щытащ: «Зауэр къэзыхьар генералхэркъым, атIэ сэлэт къызэрыгуэкIхэрщ». Мырзэбэч Мухьэмэд, абы хуэдэ сэлэт къызэрыгуэкIхэрщ зи фIыщIэр Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухар.

Мырзэбэч Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр дунейм ехыжащ мэкъуауэгъуэм и 25-м 1997 гъэм. Адэшхуэм и фэеплъу мы усэ цIыкIур стхауэ щытащ:

Зауэ кино сыщеплъкIэ, сэ
Фочауэ макъым сыкъыдощтэ.
Сымылъэгъуами зауэр сэ,
Ар си IэпкълъэпкъкIэ
зыхызощIэ.
Ар зыхызощIэ сэ, слъагъуху
Гъунэгъу фызыжьым
и стIолыщхьэм
Сурэту щIалэ сымыцIыху
ГуфIэжу тетщ, игъэщхъыу
и щхьэр.
Ар зыхызощIэр сыIуплъэху -
Хэтащ а зауэм си адэшхуэр,
Ягъэтыншакъым ар нэхур щыху
И щIыфэм хэлъ
нэмыцэ шэхэм.

Ар хуэзусауэ щытащ фIыуэ тлъэгъуа, пщIэшхуэ зыхуэтщIа, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьу фIэкIа зэи дымылъыта Мырзэбэч Мухьэмэд. ДэркIэ ар лIыхъужьт... Орден кърамытами, лIыгъэ щхьэхуэ зэримыхьами, си адэшхуэм хуэдэ мелуанхэращ ТекIуэныгъэм и махуэр къэзыгъэблэгъар».

Зыгъэхьэзырар
ТАМБИЙ Линэщ.

● Накъыгъэм и 11-р Анэм и дунейпсо махуэщ

Тыгъэ лъапIэу щыIэм я нэхъыфIыр

Илъэс къэс накъыгъэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм техуэ махуэщIыр, Анэм и махуэу лъэпкъ куэдым зэдагъэлъапIэр, дызэрыт 2025 гъэм зытехуэр накъыгъэм и 11-рщ. Дыкъэзылъхуахэм яхуэтщI фIыщIэмрэ пщIэмрэ лъабжьэ зыхуэхъу махуэшхуэщ ар, псоми яхэбгъэфIыкIыну хуэфащэу. Анэ псоми къалэжьыр лъагъуныгъэмрэ гулъытэмрэ я закъуэкъым, атIэ емызэшу зыхуей дызэрыхуагъазэм, я щхьэ къафIэмыIуэхуу ди Iуэху зэрыдагъэкIым, я сабийхэм папщIэ я псэ ятыну зэрыхьэзырым папщIэ ди щхьэр щхьэузыхь яхуэтщIыну яхуэфащэщ. АрщхьэкIэ... езыхэм я щхьэращ нэхъыбэу щхьэузыхь къытхуащIыр...

АНЭМ и махуэм и тхыдэр къыщожьэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм. 1868 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и Къухьэпiэ Вирджинием щыпсэу Джарвис Энн къызэригъэпэщауэ щытащ Анэхэм я зэныбжьэгъугъэм и махуэ, лъэпкъ зэкъуэчахэр зэкъуэзыгъэувэж махуэшхуэ пэлъытэу. Ар дунейм ехыжа иужь, ипхъу Джарвис Аннэ 1907 гъэм къыхилъхьауэ щытащ анэхэм я зы махуэ щхьэхуэ махуэгъэпсым къыхагъэбелджылыкIыну. Абы къилъытэрт анэ лъагъуныгъэмрэ гуапагъэмрэ гулъытэрэ яхуэфащэу, фIыщIи яхуэщIыпхъэу. Аннэ лъэкI къигъэнакъым а махуэр лъэпкъ куэдым зэдагъэлъапIэу хъунымкIэ. 1910 гъэм а махуэщIыр щаIэтащ Вирджиние штатым, США-м и нэгъуэщI щIыпIэхэми а жэрдэмыр къызэдащтащ.

1914 гъэм США-м и президент Вильсон Вудрэ накъыгъэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм Анэм и махуэр лъэпкъ куэдым зэдагъэлъэпIэну триухуащ икIи ар къэралым и махуэшхуэхэм халъытащ. Зэман дэкIри, анэр гъэлъэпIэныр адрей къэралхэми хабзэ яхуэхъуащ, щхьэж зыхуей махуэри къыхихыжащ. Урысейм ар тригъэхуащ щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм, абы щыгъуэ къэралым и Президенту щыта Ельцин Борис 1998 гъэм щIышылэм и 30-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ. Австралием, Бразилием, Германием, Данием, Италием, Канадэм, США-м, нэгъуэщI къэралхэми, зэрыжытIащи, ар накъыгъэм и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм, Испанием, Венгрием, Португалием, Литвам – япэм ягъэлъапIэ. Махуэ теубыдам ар тезыгъэхуахэри щыIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Грецием ар накъыгъэм и 9-м щагъэлъапIэ, Египетым - гъатхэпэм и 21-м, Белоруссием - жэпуэгъуэм и 14-м.

Анэм и махуэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр иращIэкI хабзэщ, цIыхур щыпсэу къэралымрэ зыщыщ лъэпкъымрэ и щэнхабзэмрэ елъытауэ. А махуэм бынхэр хущIокъу къэзылъхуахэм я гъусэу зэман нэхъыбэ зэрагъэкIуэнум, зыгъэпсэхугъуэ махуэр гукъинэж абыхэм зэрыщащIынум. Нэхъыбэм къагъэсэбэпыр тыгъэ яхуэщIынырщ - удз гъэгъа, дыху, IэфIыкIэ, езым я IэкIэ ящIа саугъэт, анэм фIыуэ илъагъу шхыныгъуэ хуэзыпщэфIхэри щыIэщ. Куэдым я лъагъуныгъэр псалъэ дахэхэмкIэ къагъэлъагъуэ, хуэзэу жраIэну Iэмал ямыIэмэ, письмо хуагъэхь е интернет Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ телефонкIэ хуатх. Сытми зыкърагъэащIэ, фIыуэ зэралъагъур жраIэ, и гулъытэм зэригъэиныр хуаIуатэ, къыхуищIа псоми папщIэ фIыщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэ. Анэм и дежкIэ аращ нэхъ лъапIэу сэ къысщыхъур, тыгъэ лъапIэу щыIэм нэхърэ быным и гум илъ IэфIыр къызэригъэлъагъуэ псалъэ гуапэр и псэм нэхъ йохуэбылIэ.

«ФIыщэу слъагъу си анэ, уи махуэмкIэ сынохъуэхъу! Сытым дежи усщIыгъущ, сыщыпхуэныкъуэ дакъикъэм си Iуэху къыздэпIыгъыу, IэплIэ къызэпшэкIыу. Уи хуабагъэмрэ Iущыгъэмрэ махуэ къэс къару къысхалъхьэ. КхъыIэ, схуэпсэу, узэрыщыIэм къару мыкIуэщI къысхелъхьэри!» Мыпхуэдэ тхыгъэ къызыIэрыхьэ анэм и нэгум гуфIэ къимыщынкIэ Iэмал иIэкъым, IэпкълъэпкъкIи псэкIи гугъу зэрыдехьыр къызыгурыIуэ и сабийм къыбгъэдокIри.

«Анэм и сабийм хуиIэ лъагъуныгъэр нэгъуэщI зыгуэрми ещхькъым. Iуэхур и быным деж нэсмэ, дунейм теткъым ар къыщIикIуэтын. Хабзи имылъытэу, гущIэгъуи имыIэу ар хэти пэувыфынущ», - жиIэгъащ Агатэ Кристи. Лагерфельд Карл и гупсысэр-щэ?! «Лъагъуныгъэу си фIэщ хъу закъуэр анэм и сабийм хуиIэр аращ». «Ди анэхэр фIыуэ долъагъу лейуэ демыгупсысу, и кууагъри зыхэдмыщIэу. Абыхэм къамыгъэзэжыну тIэщIэкIа иужьщ ар къыщыдгурыIуэр» - Ги де Мопассан. Гупсысэфу зы цIыху дунейм тет къыщIэкIынкъым и анэм ехьэлIауэ гуапагъэ зигу къэмыкI, ар хужымыIэнур хэлъми.

Унагъуэм зэрыщагъэлъапIэм къыдэкIуэу, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, школхэмрэ сабий садхэмрэ щаIэт мы махуэщIыр. Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр ящI, анэм теухуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ щыIу концертхэр къызэрагъэпэщ, абыхэм я анэхэр ирагъэблагъэ. Сыт щхьэкIэ? Анэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр, абы хуэтщI пщIэм ди гъащIэ псор зэрелъытар, фIылъагъуныгъэм и къарур цIыкIухэм зыхрагъэщIэн папщIэ. ДапщэрИ жаIэу зэхэтхыркъэ уи адэанэр пхуэпсэуху жьыр дэнэкIэ къыщепщэми зэрумыщIэр, ахэр зэрытIэщIэкIыу жьы зэпеуэм хуэдэ ди махуэхэр зэрыхъур.

Дахуэвгъэсакъ, дывгъэхъумэ, дахуэвгъэгумащIэ ди анэхэм. Ахэращ гъащIэр къыдэзытыр, абы лъэ быдэкIэ дыхэзыгъэувэр, гъуэгу захуэм дытезыгъэувэр. Я гугъуехьыр зэрызыхэтщIэр, фIыщIи зэрахуэтщIыр къыддалъагъуу дунейм дытевгъэт, абы нэхъ фIыгъуэ дэ тхуэлэжьынукъыми.

ИСТЭПАН Залинэ.

Адыгэ уэрэдыжьхэр лъэпкъым и тхыдэщ

Тхыдэм и набдзэщ уэрэдыжьыр,
КъыпщIихуу блэкIам и акъужьыр,
Ухешэр адэжь и Iэужьым,
Ухуишэу блэкIам и лъэужьым.

О, си лъэпкъ уардэу, гугъуехь натIэ!
Уи лIыгъэр зыми хущIэмытIэ...
Зэман зимыIэм зы гущIэгъу,
КIэсу здихьакъым уэ уи гугъу.

Иджыблагъэ Бахъсэнёнок (Къэсейхьэблэ) щедгъэкIуэкIащ пшыхь хьэлэмэт. Ар теухуат адыгэ уэрэдыжьхэм, абыхэм я мыхьэнэм, ди тхыдэм ахэр къызэрыхэщым.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэр дэ щIэх-щIэхыурэ идогъэкIуэкI икIи абыхэм сытым дежи я гуапэу къытхуоблагъэ адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр зи Iэпэгъу «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Нартан» (тIуми я унафэщIыр Блашэ Владимирщ), «Кавказ» (Жылау Арсен), «ДжэгуакIуэ» (Хьэндэхъу Эльвирэ) гупхэр, апхуэдэуи уэрэдыжьхэр фIыуэ зылъагъу, ахэр зыгъэзащIэ щIалэгъуалэр.

Иужьрей пшыхьыр хухэхат уэрэдыжьыр, ар гъэIуныр зи псэм хэлъу, зачиишхуэ зыбгъэдэлъу, щIалэгъуалэр дахагъэм хуэзыгъасэу щыта, «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым хэта уэрэджыIакIуэ Молей Алихъан. Мы усэ сатырхэри зыхуэгъэзар а цIыху щыпкъэрщ.

Утетащ уи гъащIэ гъуэгум екIуу,
Уи зэчийр ди щIэблэм хуэбгуэшащ,
Укъалъхуат дахагъэр уи псэм хэлъу,
КъэбгъэщIын ар зэи уемыша.

Я гум уилъщ ныбжьэгъу
къыбдекIуэкIахэм,
Уи хъыбарыр гъащIэм къыхэнащ,
ЩIэблэу уэ дахагъэм хуэбгъэсахэм
Къакъуэжынущ къуэпс,
дунейр псэуху!

Алихъан, набжьэгъу
къызэбнэкIахэм,
Ноби гуапэу я гум ущопсэу,
Ахэм пхуэдэу я гъуэгу къыхахахэм
ЕмыпцIыжу, къыщагъэщI дахагъ!

Молей Алихъан и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ лъэпкъ щэнхабзэм икIи пхужымыIэн хуэдизщ абы хэлъхьэныгъэу хуищIар. Дуней псом къыщацIыху «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс куэдкIэ хэтащ ар, адыгэ къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ хъума хъун папщIэ и къару еблэжакъым.

Алихъан и гуащIэм гу лъамытэу къэнакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ абы 1986 гъэм къыфIащащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр. Иужьрей илъэсхэм абы и лэжьыгъэр

● Фэепль

теухуат ди щIэблэм адыгэ щэнхабзэр фIыуэ егъэлъагъуным, абы и пщIэр, и мыхьэнэр нэсу къагурыгъэIуэным. Шэджэм ЕтIуанэ къуажэ еджапIэм Алихъан хореографу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, и гъэсэнхэр дахагъэм, къабзагъэм, утыку итыкIэ екIум хуигъасэу. Щапхъэ зытепх хъуну къалъыта «Къундет» сабий ансамблым и унафэщIуи илъэс куэдкIэ лэжьащ.

Ди иужьрей зэIущIэм Алихъан мыпхуэдэу щыжиIат: «Илъэс къэс евгъэкIуэкI мыпхуэдэ пшыхьхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ икIи абы ещхьхэр къуажэ, къалэ къэс щызэхэшапхъэщ. Iэмал имыIэу Шэджэм Езанэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм къыщызэдгъэпэщынущ апхуэдэ, фэри абы фыкъедгъэблэгъэнущ».

Ди жагъуэ зэрыхъущи, псоми пщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу Алихъан и мурадым и Iэр лъэIэсакъым. Ар дунейм ехыжащ 2024 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм. Нобэ дэ тхэтыжкъым лъэпкъым и цIыху щэджащэ, дахагъэр зыгуэшу дунейм тета, ди ныбжьэгъуфI Молей Алихъан.

«Адыгэ уэрэдыжьхэр лъэпкъым и тхыдэщ» зыфIэтща зэIущIэм кърихьэлIа псори зи фэеплъыр дгъэлъапIэ Молейм дакъикъэкIэ щыму хуэщыгъуащ. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа гупхэм къадэкIуэу, абы зыкърагъэхьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Зеущэ Iэуес, адыгэ уэрэдыжьхэр жызыIэ щIалэщIэхэу Дэдэхъу Рэмэзанрэ Нартокъуэ Мухьэмэдрэ, апхуэдэуи Бахъсэн куейм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ БжыкIший Руслан, Бахъсэн районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Къаздэхъу Олег, Егъэджэныгъэмкiэ управленэм и профсоюзым и унафэщI Молэ Хьэсен, щIыпIэ администрацэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Тхьэмадокъуэ Зерэ, Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бэч Альберт, районым и ЩэнхабзэзыгъэпсэхупIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Тембот Хьэчим, Бахъсэн куейм и централизованнэ библиотекэм и унафэщI Нэгъуей Радимэ, а IуэхущIапIэм и методист нэхъыжь ЛIыгъур Эльвирэ, къуажэ егъэджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, уэрэдыжьхэр фIыуэ зылъагъу ди къуажэдэсхэр. Пшыхьым и хьэщIахэщ Молей Алихъан и къуэш Тубцокъуэ Анатолэрэ и къуэ Темболэтрэ, Алихъан и щхьэгъусэ Маринэрэ и къуэрылъху цIыкIу Жамболэтрэ.

«Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ усэхэмрэ адыгэ лъэпкъым ди тхыдэщ, ди хабзэщ, ди фащэщ, ди макъщ, ди лIыгъэщ, ди напэщ», - жиIэгъащ Къардэнгъущ Зырамыку. Ди нэхъыжь Iущым и псалъэхэм нобэ хуэпэжхэр, Молей Алихъан хуэдэу лъэпкъ фIыгъуэр зыхъумэхэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэ ди мащIэкъым.

«Уэрэдыр къыщыхадзэкIэ демыжьууфыр хуэмыхущ». Апхуэдэ псалъэхэм ущрохьэлIэ пасэрей уэрэдыжь гуэрым. Ар щIыжаIэр гурыIуэгъуэщ: уэрэдым пщIэшхуэ иIэщ, ин дыдэщ и мыхьэнэр. Абыхэм ди деж къахьэсащ лIэщIыгъуэ куэдым я хъыбар, къахьэсащ ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа тхыдэм и пэжыпIэр. Ахэр дэркIэ зэрылъапIэр ди тхыдэм и хъыбар пэж ди деж къызэрахьэсам и закъуэкъым: пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэр ди лъэпкъым и художественнэ щэнхабзэм и фэепъ уахътыншэщ, пасэрей адыгэхэм дахагъэр къызэрымыкIуэу зэхащIыкIыу зэрыщытам щыхьэт техъуэ IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэщ.

Пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм я фIыпIэр, дауи, тхыдэр къыщIэзыгъалъэ, лIыхъужь цIэрыIуэхэм я хъыбар ди деж къэзыхьэса пшыналъэхэрщ. Абыхэм тхыдэ уэрэдкIи еджэ хабзэщ. Ахэр хъугъуэфIыгъуэ мылъытэщ, дунейм къызэрытехьэрэ Iэджэ щIами, зэманым IэщIэмыкIуэдауэ ди лъэпкъым и тхыдэ Iэрымытхщ. Абы и щыхьэтщ нобэрей ди щIалэгъуалэхэр уэрэдыжьхэм зэрыдахьэхыр, ахэр яфIэфIу зэрагъэзащIэр.

Адыгэ уэрэдыжьхэм я мыхьэнэм дахэу тепсэлъыхьащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIахэу Бахъсэн куейм и лъахэхутэ музейм и унафэщI Шакъ Миланэрэ районым ГъуазджэхэмкIэ и сабий школым и унафэщIым и къуэдзэ Къэжэр Зурьянэрэ.

Молей Алихъан, адыгэ уэрэдыжьхэми хуэдэу, лъэпкъ къафэр зыпищI щыIакъым жытIэкIэ, дыщыуэну къыщIэкIынкъым. ЗэманкIэ абы Кыщпэк къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм къафэм щыхуигъэсащ еджакIуэ цIыкIухэр. Къуажэ школым и егъэджакIуэхэм жаIэрт абы щыгъуэ: «Алихъан апхуэдизкIэ къэфэныр гурэ псэкIэ ди сабийхэм захригъэщIащи, къыщакIухькIи къофэ».

Алихъан и псэм хэлъу щыта къафэмкIэ зэIущIэр иухащ. Ар игъэзэщIащ Бахъсэнёнок дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и къэфакIуэ гупым (ядэлажьэр Хьэкъул Ибрэхьимщ).

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Бахъсэн куей администрацэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Тхьэмадокъуэ Зерэ, Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бэч Альберт, Бахъсэн районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Къаздэхъу Олег сымэ.

Алихъан и къуэ Темболэт и адэм и фэеплъ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм, абы къэкIуахэм фIыщIэ ин яхуищIащ.

Дахагъэр зи псэм хэлъа Молей Алихъан и IуэхущIафи и псалъэ гуапи куэдрэ иджыри щыпсэунущ ар зыцIыхуу, фIыуэ зылъагъуу декIуэкIахэм я гум.

Пшыхьыр егъэкIуэкIыным зи мылъку хэзылъхьахэу Щхьэгъум Борис, Абрэдж Мухьэмэд, Щхьэумэжь Феликс, Къетыкъуэ Азэмэт сымэ фIыщIэ яхудощI. «Гум пыкIыр къыпокIэж», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Къызыхах ныкъуэ мыхъуу, унагъуэ насыпыфIэу Тхьэм игъэпсэухэ!

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

Нэхъыбэм дыкъыхагъащIэ

● Футбол

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** трихащ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион» (Мэхъэчкъалэ) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Накъыгъэм и 10-м. ЦIыху 350-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Стрелков (Курск), Бирюков (Дон Iус Ростов), Бибиковэ (Краснодар).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Пириев, Мэшыкъуэ, ХьэцIыкIу (Сэбаншы, 46), Далиев, Хьэшыр, КIэдыкIуей, Мусаев (Шэрджэс, 83), Чичбэ, Джыназ (Хизриев, 74), Блий.

«Легион»: Герасимов, Гасанов, Гамзатов, Ибрагимов, Гуров (Курбаналиев, 86), Курбанов, Токаев, Исмаилов, Хабуржания (Алим, 80), Котов, Чехоев.

Топыр дигъэкIащ: Ибрагимовым, 39 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Чичбэ, Сэбаншым, Джыназым, КIэдыкIуейм, Гамзатовым, Хьэшырым.

ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 щрикъу махуэхэм ирихьэлIэу Налшык и «Спартак» республикэ стадионым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэ зэIущIэ. Накъыгъэм и 10-м ди щIалэхэм кърагъэблэгъат зэпеуэм курыт зэфIэкI щызиIэ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р.

Иужь лъэхъэнэм хэпщIыкIыу етIысэха «Спартак-Налшыкым» дэщIыну стадионым къекIуэлIахэр, дауи, щыгугъырт я джэгукIэфIымкIэ махуэшхуэм хуэфащэн дэрэжэгъуэ къаритыну. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи...

Налшыкдэсхэм зэрахабзэу, егъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ ирагъэжьащ. Абы хуэхьэзырт Дагъыстэным къикIахэр икIи ахэр я гъуэм пэжыжьэу къызэтрагъэувыIэрт. Зыхъумэжыным къыщыдэхуэхэм и деж «Легион»-м и футболистхэр тегушхуауэ ипэкIэ кIуатэрт, икъукIэ дагъэгузавэу. Зыкъомрэ «Спартак-Налшыкыр» кърагъэлащ я гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбэч и Iэзагъым. Ауэ ари пэлъэщакъым 39-нэ дакъикъэм мэхъэчкъалэдэсхэм бжыгъэр къыщызэIуахам.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ джэгум зэрызихъуэжа щыIэкъым. Хэгъэрейхэр я къару къызэрихькIэ ебгъэрыкIуэрт, хьэщIэхэр хущIэкъурт текIуэныгъэр къахуэзыхь бжыгъэр яхъумэну. ИкIэм-икIэжым, зи Iуэху къикIар «Легион»-м и футболистхэращ.

Ди щIалэхэр къызэрыхэжанықIар дагъуэ куэдрэ судьям къазэрыхуищIаращ. Абы тхуэнейрэ карточкэ гъуэжьыр налшыкдэсхэм къаригъэлъэгъуащ. Мыбы ипэкIэ «Кубань Холдинг»-м щыIущIам «Спартак-Налшыкым» и футболистиблым дагъуэ къызэрыхуащIар икIи абы и зэранкIэ зыбжанэ мы зэIущIэм зэрыхэмытар къэплъытэмэ, ди командэм и унафэщIхэр зэгупсысын я куэдщ.

Щэбэтым зэхэта джэгугъуэм иужькIэ «Спартак-Налшыкыр» епщыкIузанэ увыпIэм къыщынащ. Ди яужь къитыр командищ къудейщ. Зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм кърикIуам ипкъ иткIэ нэхъыфIихым яхыхьэныр кIуэ пэтми нэхъ гугъу мэхъу икIи ар къайхъулIэну фIэщщIыгъуейщ.

БлэкIа джэгугъуэм Мэхъэчкъалэ хьэлэмэт къыщыхъуащ. Зэхьэзэхуэм иджыри къэс зы очкоуи къыщызымыхьа икIи я хьэрхуэрэгъухэм зы топ закъуэ фIэкIа яхудэзымыгъэкIыфа щIыпIэ «Динамо-2»-м иригъэблэгъат зэпеуэм бжыпэр щызыIыгъ «Кубань Холдинг»-р. Хуэзыгъэфэща щымыIэу зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, иухащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - **2:2**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:2**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **1:2**, «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) – **4:0**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **4:0**.

Накъыгъэм и 17-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Нэзрэн къалэм «Ангушт»-м щыIущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Кубань Холдинг»**	**9**	**5**	**4**	**0**	**20-9**	**19**
2. **«Сочи-2»**	**9**	**5**	**3**	**1**	**17-8**	**18**
3. **«Ростов-2»**	**9**	**5**	**2**	**2**	**15-8**	**17**
4. **«Динамо Ставрополь»**	**9**	**5**	**2**	**2**	**14-12**	**17**
5. **«Победа»**	**9**	**5**	**1**	**3**	**13-12**	**16**
6. **«Севастополь»**	**9**	**4**	**4**	**1**	**14-12**	**16**
7. «Легион»	9	4	3	2	11-8	15
8. «Дружба»	9	3	2	4	16-12	11
9. «Рубин»	9	3	2	4	8-11	11
10. «Нарт»	9	2	4	3	7-10	10
11. **«Спартак-Налшык»**	**9**	**2**	**2**	**5**	**10-14**	**8**
12. «Астрахань»	9	1	4	4	12-11	7
13. «Ангушт»	9	1	2	6	4-14	5
14. «Динамо-2»	9	0	1	8	3-23	1

● УФСБ-м къет

Сом мелуанитIым щIигъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ илъэс 49-рэ зи ныбжь нартандэсым илэжь хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, шэч зыхуащIым дэфтэр нэпцIхэр зэригъэпэщри, Шэджэм районым хиубыдэ щIы Iыхьэ езым ейуэ иригъэтхащ. Абы къриIуащ сом мелуани 2-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Урысейм и Следственнэ комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

● Тхэквондо

Домбеякъым арэзы тохъуэ

«Ежьыгухэм я Кубок» фIэщыгъэр зэрихьэу тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) щIыналъэхэм я зэхьэзэхуэ Къалмыкъым и къалащхьэ Элиста иджыблагъэ щызэхэтащ. Ар ирагъэкIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щызэпеуащ Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я щIыналъэхэм, Луганск, Донецк республикэхэм, Севастополь къалэм я спортсмен 300-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэси 10 - 15 хъухэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн Хьэщыкъуей Руслан икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр абы къыщигъэлъэгъуащ.

Къыхэдгъэщынщи, килограмм 41-рэ зи хьэлъагъэм я деж щызауэ ныбжьыщIэм кIэух зэхьэзэхуэм и Iыхьэ ныкъуэм икIын папщIэ IущIащ Астрахань областым щыщ Аргушев Тимур икIи бжыгъэр 2:0-у абы текIуащ. АдэкIэ финалым кIуэным щхьэкIэ зэныкъуэкъуащ Краснодар крайм щыщ Зозуля Данилрэ Русланрэ икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, бжыгъэр 2:1-уэ ар къытекIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, Хьэщыкъуейр ещанэ увыпIэмкIэ арэзы хъун хуей хъуащ зэкIэ. Арами, апхуэдиз цIыхум домбеякъ медаль къахэпхынри хъарзынэщ.

Руслан и тренерыр Унэжокъуэ Абдельджэбарщ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

ЩIалэгъуалэмрэ щэнхабзэмрэ

Иджыблагъэ Обнинск щекIуэкIа «ЩIалэгъуэ. ЩIэныгъэ. Щэнхабзэ» урысейпсо зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэри.

ДИ гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ, утыку къралъхьа лэжьыгъэхэмкIэ увыпIэ нэхъыщхьэри къахьэхуащ.

А зэпеуэр «Интеллект будущего» академием илъэс къэс къызэрегъэпэщ, икIи мы гъэм 40-нэу зэхашэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы щыIащ щIыналъэ зыбжанэм щыщ еджакIуэхэр. Гупым нэхъыжьу яхэтащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я унэм и лэжьакIуэ Уэтэр Оксанэ. Зэпеуэм щыIа ДыщэкI Ясминэ, Костинэ Анастасие, Теппеев Алихъан сымэ фIыщIэ тхылъым и 1-нэ нагъыщэр, Джэрыджэ Инал, Копыловэ Ангелинэ, Тхьэбысым Аделинэ сымэ 2-нэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Урысей псом щыщу зэпеуа ныбжьыщIэхэм ефIэкIар, ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэрщ. Инарыкъуей къуажэм щыщ ДыщэкI Ясминэ лъахэхутэ унэтIыныгъэмкIэ игъэлъэгъуа лэжьыгъэр псом нэхърэ нэхъыфIу къыщIэкIащ. Япэ увыпIэр къызэрихьам папщIэ пщащэм къыхуагъэфэща саугъэтхэр абы кърита жащ академием и унафэщI Ляшкэ Лев.

Мы текIуэныгъэр Ясминэ и щыпэкъым – 2024 гъэм екIуэкIа урысейпсо лъахэхутэ зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдауэ щытащ. Дохъуэхъу пщащэ жыджэрымрэ абы и гъэсакIуэ Хьэрэдурэ Эммэрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Элэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэкIэлъхьэным - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкъэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.437
Заказыр №1008
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэзыхьыр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс Фатимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.